



*New
Curriculum*

A Practical Approach to

Shona

'O' Level Revision

- With summary notes covering syllabus objectives
- Model ZIMSEC questions and answers

*New
Curriculum*

A *Practical* Approach to

Shona

'O' Level Revision

- *With summary notes covering syllabus objectives*
- *Model ZIMSEC questions and answers*

 **SECONDARY
BOOK PRESS**

Anchors of the schools curricula

Published by:

Secondary Book Press Private Limited
4th Floor, CABS Centre Building,
Cnr Jason Moyo & 2nd Street,
Harare, Zimbabwe
Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201
Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870
Email: sales@secondarybookpress.co.zw
Website: www.secondarybookpress.co.zw

A Practical Approach to Shona | 'O' Level Revision Book**ISBN: 978-0-7974-8543-3**

First Published in December 2022

Copyright © Secondary Book Press

Editor in Chief: Munyaradzi Gunduza

Development Editor: Linnety Mafukidze, Paul Mushumbi and Ngonidzashe Mupinda

Text layout: Patricia N. Munemo

Acknowledgements

The publisher would like to express heartfelt appreciation and thanks to the following contributors; Usayi Andrew, Mawarire Precious, Dube Abigail and Homela Lydia. Their contribution and devotion are recognised in making this publication a success.

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

Zviri mukati

| | |
|---|------------|
| Chitsauko 1: Rondedzero neNzwisiso..... | 1 |
| Chitsauko 2: Zvirungamutauro..... | 20 |
| Chitsauko 3: Mazita..... | 23 |
| Chitsauko 4: Zvisazitasingwi | 28 |
| Chitsauko 5: Zvidudzirazita | 30 |
| Chitsauko 6: Zvindori..... | 36 |
| Chitsauko 7: Zviito nezvidudzirazviito | 38 |
| Chitsauko 8: Misambo yemutauro | 44 |
| Bvunzo 1 | 50 |
| Bvunzo 2 | 56 |
| Bvunzo 3 | 61 |
| Bvunzo 4..... | 67 |
| Bvunzo 5 | 72 |
| Bvunzo 6..... | 79 |
| Bvunzo 7 | 85 |
| Bvunzo 8..... | 91 |
| Bvunzo 9 | 97 |
| Bvunzo 10..... | 103 |
| Mhinduro | 110 |

Nhanganyaya

Nhanganyaya

Shona 'O' Level Revision Book inhava yakagukuchira mbuva inogutsa uye kuzadza pfungwa nezivo. Hakuna anotakura ino nhava akasara achigununa kuti pfungwa dzake dzichiri nenzara yezivo pachidzidzo cheChiShona. Chinyorwa chino ndiMupedzazvose chaiye! Bhuku rino rine zvitsauko zvisere zvinobata zvose zvinotarisirwa nebumbiro reChiShona.

Hapana chakasara. Tichibva pazvitsauko izvi tinonanga pabvunzo gumi idzo dzinobatsira mudzidzi kuti awedzere ruzivo rwake pane zvaadzidza muzvitsauko zvose zviru zvisere.

Mamiriro ebhuku

Chitsauko chekutanga chine Rondedzero neNzwisiso izvo zvakatsanangurwa zvinogutsa. Rondedzero yetsananguro, tsamba (tsamba yebasa uye tsamba kuhama/shamwari), rondedzero yetsumo, nenhaurwa ndidzo mhando dzerondedzero dzakanyanyosimbirirwa kutsanangurwa muchinyorwa chino. Mudzidzi anodzidziswazve kupindura mibvunzo yenzwisiso zvose nepfupiso nenzira chaiyo inotarisirwa.

Tsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo neenzaniso ndizvo zvirungamutauro zvichadzidzwa nemudzidzi muchikamu chechipiri. Chimwe nechimwe chezvirungamutauro izvi zvakatsanangurwa nemazvo mashandisirwo azvo.

Achingopedza otopinda muchikamu chechitatu umo mune mazita nenzira dzekuaumba zvose nekuzoaisa mumipanda yawo.

Mudzidzi achasangana nezvisazitasingwi muchikamu chechina. Zvose izvi zvakabatwa zvikatsanangurwa nenzira inoita kuti munyori webvunzo akurumidze kubata. Zvidudzirazita zvichadzidzwa muchikamu chinotevera.

Zvindori zviru muchikamu chechitanhatu. Midzi yezviito ichadzidzwa nezvayo muchikamu chinobata zviito nezvidudzirazviito zvose; chinova chikamu chechinomwe. Chisekedzani nechinyarikani imhando mbiri dzemisambo dziri muchitsauko chekupedzisira.

Bvunzo dziri mubhuku

Pakupedzisira ndipo pane bvunzo gumi idzo dzinobatsira mudzidzi kuti azvikwidze pachikero obva azviera oga kuti anzwisisa zvakadii pane zvaaverenga, asi kunaka kwazvo ndekwekuti bhuku rino rinoramba richidzidzisa mudzidzi.

Bhuku rino rinopa mhinduro dzose pamibvunzo yarinobvunza. Izvi zvinobatsira mudzidzi kuti adzoke mugwara paanenge opinda musango. Naizvozvo, hapana chikonzero chisvinu uye chinobatika chekuti mudzidzi angatadza kubudirira pabvunzo dzake mushure mekunge amboisa meso ake mubhuku rino.

Panopera bvunzo idzi, mudzidzi achasanganazve nechikamu chine bvunzo pamusoro pemisambo kuwedzera ruzivo rwake pamusoro pechikamu ichi. Zviri kwaOdzi ndizvo zviri kwaSave, bvunzo dzemisambo idzi dzinewo mhinduro yadzo iyo inodzoreredzazve mudzidzi kuti arambe ari mugwara.

Mapepa ebvunzo

Tichitevedzera bumbiro reChiShona, Shona ‘O’ Level Revision Book rine mapepa ebvunzo maviri; Paper 1 nePaper 2.

Rondedzero neNzwisiso zvinodzidziswa mudzidzi nechinyorwa chino zvinowanikwa muPaper 1 (4007/1), izvo zvinotarisirwa kunyorwa nenguva inoita maawa maviri. Bepa iri rine zvikamu zviviri; chekutanga iRondedzero iyo ine zvibodzwa makumi mashanu nechikamu chechipiri chine Nzwisiso nePfupiso izvo zvinewo zvibodzwa makumi matatu.

Paper 2 (4007/2) ine zvikamu zvitatu zvinotarisirwa mudzidzi kunyora mumaawa maviri zvakare. Mashandirwo eMutauro (Zvirungamutauro), Misambo yeMutauro neMaumbirwo eMutauro ndizvo zvinoumba chikamu chekutanga kusvika pane chechitatu neurongwa hwazvo.

Mudzidzi anotarisirwa kukohwa zvibodzwa makumi maviri muchikamu chekutanga, tevere zvibodzwa gumi muchikamu chechipiri uye zvibodzwa makumi matatu muchikamu chokupedzisira.

Zvinoda kuchenjererwa nemudzidzi

Zvakakosha kuverenga rayiro yebvunzo uye kuverenga mubvunzo nekuunzwisisa munyori asati atanga kunyora. Vadzidzi vazhinji vane dambudziko rekumhanya kunyora vachifunga kuti vanzwisisa rayiro asi vachinyora zvisiri kudiwa nemubvunzo.

Kushandisa nguva zvine uchenjeri pakupindura mibvunzo inofanira kupindurwa zvinoda kuchenjererwa nemunyori webvunzo.

Mudzidzi anotarisirwa kuverenga onzwisisa zvitsauko zvose zviri mubumbiro reChiShona kwete kusimbirira zvitsauko zvaanoona sekuti anofarira achisiya zvimwe nekuti zvitsauko zvose zvinobvunzwa pabvunzo dzake.

Mudzidzi anofanira kungwarira pakupindura rondedzero ine musoro waanonyatsonzwisisa, kwete kuda kuzofungira muzamanishoni; kunyanya parondedzero yetsumo. Rondedzero iyi inoda kuziva kwete kufungidzira. Pfupiso inoda kugadzirirwa zvakare, mudzidzi achirangarira kushandisa ruzivo rwaakawana mukudzidza kwake.

Kunewo vadzidzi vanenge vafamba zvakanaka kubva kuPaper 1 vanozorasikirwa nezvibodzwa pavanongoti vhu-u kuPaper 2. Izvi hazvirevi kuti bepa iri rakaoma asi vadzidzi vanofanira kudzokorora zvakananyanya chikamu cheMaumbirwo eMutauro.

Mibvunzo inobvunza zvindori, zviito nezvidudzirazviito ndiyo inoita kuti vadzidzi vazofunga kuti ChiShona chakaoma. ChiShona hachina kuoma kana mudzidzi ambobata chinyorwa chino nokuti chinotsanangura zvose izvi nenzira inonzwisika.

Zvinokosha kuziva usati wapinda mubvunzo.

- Ziva uwandu hwemibvunzo yaunotarisirwa kupindura.
- Rangarira kutanga nekuverenga rayiro usati watanga kupindura mubvunzo.
- Nzwisisa zviri kudiwa nemubvunzo mumwe namumwe usati wanyora.

- Ziva mhando dzerondedzero dzose.
- Yeuka manyorerwo epfupiso uye rangarira kusadarika uwandu hwemazwi akatarwa.
- Zvakakosha kuziva chikamu cheMashandisirwo eMutauro nokuti mibvunzo yechikamu ichi inofanira

kupindurwa yose, mudzidzi haapiwi mukana wokusarudza mibvunzo yekupindura.

- Ziva mipanda yose nemo nemo nokuti ndiwo mavambo okuziva Maumbirwo eMutauro; chinova chikamu chokupedzisira.

Rondedzero

1. Unyanzvi hunodiwa pakunyora rondedzero hunosanganisira:

- kudoma mhando dzerondedzero.
- kuratidza unyanzvi hwemanyorerwo anoita rondedzero.
- kuratidza unyanzvi hwekupatsanura nekubatanidza mazwi muChiShona.
- kunyora mapeji mana.
- kunyora ndima dzinodyidzana.
- kunyora basa rakachena.

2. Matanho anotorwa pakuita basa rerondedzero:

- kusarudza musoro unozivikanwa nemunyori webvunzo.
- kuronga pfungwa nekukosha kwadzo.
- kunyora pfungwa imwe neimwe muchikamu chayo.
- kunyora mapeji akatarwa.

3. Mhosho dzinoanzoitwa nevanyori vebvunzo pakunyora rondedzero:

(a) Zviperengo

- (i) Kusiya nzvanyira pamazwi, sokuti:
- vakabaiwa **kwete** vakabaiwa.
 - kusiyiwa **kwete** kusiwa.
 - Kusiya nzvanyira (v, w, y), sokuti:
 - ndivo **kwete** ndio.
 - kwiyo **kwete** kwio.
 - worera **kwete** orera.

(ii) Kukanganisa kunyora mazwi anotorwa kubva kune mimwe mitauro isiri yeChiShona, sokuti:

- rori **kwete** rhoru.
- rekeni **kwete** rhekeni.

(iii) Kusiirira imwe nzvovera pamazwi ane nzovera dzakateedzana, somuenzaniso:

- vanosiirira **kwete** vanosira.
- vachiita **kwete** vachita.

(b) Kushandisa sungawirirano isiriyo

- Dambudziko iri riri kuwanikwa kuvanyori vebvunzo vazhinji nokuti havasi kukwanisa kunyora zvirevo zvine sungawirirano yakanaka, somuenzaniso:
 - miti yedu **kwete** miti dzedu.
 - mari yangu **kwete** mari dzangu.
- Vamwewo vanyori vebvunzo ndivo vanokanganisa kuisa mazita muuzhinji hwao, somuenzaniso ndiro **kwete** mandiro. Ndiro indiro chete nyangwe dzikawanda sei.

(c) Zvirevo zvisina kuumbwa zvakanaka

Vadzidzi ngavazive nzira yakanaka yekuumba nayo zvirevo inonyanya kushandiswa yekuti, Muiti + Chiito + Muitirwi.

Sokuti:

- Mudzidzi achasangana nezvisazitasingwi muchikamu chinotevera **kwete kuti** Izvo zvisazitasingwi, mudzidzi achasangana nazvo muchikamu chinotevera.
- Tapiwa atumwa naKerinah **kwete** Atumwa naKerinah ndiTapiwa.

Cherechedzo: Munyori wenhetembo ndiye ane mvumo yekuronga mazwi muzvirevo sekuda kwake (*poetic licence*) asi mudzidzi kana munyori webvunzo anotarisirwa kushandisa urongwa hwadomwa pamusoro.

(d) Kubatanidza nekupatsanura mazwi zvisizvo

Mitemo yebatanidzo yemazwi inotevera:

- Zita rikadzokororwa richireva zvimwe chete rinonyorwa sezvizvi: ***pedo pedo***.
- Zita rikadzokororwa asi richireva pfungwa yakasiyana neyokutanga rinonyorwa seizwi rimwe chete, sokuti: ***mesomeso, mheremhere***.
- Zita rikadzokororwa dzitsi chete rine nyaudzira dzisingadariki mbiri rinonyorwa sezvizvi: ***usikusiku***.
- Zita rikadzokororwa dzitsi chete padzokororwa pane nyaudzira dzinodarika mbiri rinoiswa chisungaizwi, sokuti ***chamuhwande-muhwande***.
- Mazitaumbiridzwa kana mazitadunhurirwa anonyorwa riri zita rimwe chete sokuti, ***Musiyadzasukwa***.

- Chipauro kana chikadzokororwa dzitsi chete chinonyorwa riri izwi rimwe chete sokuti, ***chitematema***.
- Chipauro chikadzokororwa chinonyorwa seizwi rimwe chete sokuti, ***refurefu*** kana ***dikidiki***.
- Chirevauwandu nechiverengo zvinonyorwa zvakapatsanurana sokuti, ***chimwe chimwe, chimwe chete*** kana ***choga choga***.
- Namatidzwa inobatanidzwa nezwi sokuti, ***endazve***.
- Nyaudzosingwi dzikadzokororwa dzinonyorwa dzisina chisungazwi sokuti, ***nyore nyore, fare fare***.
- Zviito zvine mudzi wakadzokororwa zvinopatsanurwa nechisungazwi sokuti, ***kutamba-tamba, kufamba-famba***.

(e) Kushandisa vara diki pachinzvimbo chevara guru

Unyanzvi hwekuziva pekushandisa vara guru nediki hwakakosha pakunyora rondedzero. Vanyori webvunzo vanofanira kuziva pekushandisa vara guru nediki, sokuti:

ChiShona **kwete** Chishona kana chiShona.

Musiyadzasukwa (zitadunhurirwa) **kwete** musiyadzasukwa.

(f) Zvimiso

Zvakakosha kuziva pekushandisa zvimiso murondedzero.

(g) Chiturabefu

Hachifaniri kuteverwa nezwi rine chibataniidzi, sokuti: Ndakatenga mombe, mbudzi nehuku **kwete** Ndakatenga mombe, mudzi, nehuku.

(h) Chindaguma

Kana pfungwa ichinge yakazara panoiswa chindaguma asi panogonawo kuiswawo *semi-colon* kana katyamadzo, sokuti:

Semi-colon: Bepa rino rine zvikamu zviviri zvinoti: Rondedzero neNzwisiso. Tarisa kwauri kuenda, unotsika moto iwe!

Mitemo inowanikwa muBumbari remanyorerwo, 1967. Mitemo iyi yakavandudzwa kubva muna Magwa W (1999).

Mhando dzerondedzero

1. Tsananguro
2. Tsamba
3. Nyaya
4. Nhaurwa
5. Hurukuro
6. Mhan'aro

1. Rondedzero yetsananguro

Iyi imhando yerondedzero inoda kuti munyori webvunzo atsanangure pamusoro pemusoro wapihwa achiratidza ruzivo pamusoro pechinhu chaanzi atsanangure.

Pamhando yerondedzero iyi ndipo panouya misoro yakaita sokuti: Kukosha kwemasabhuku munharaunda, Zvingaitwa kuderedza dambudziko revana vari kuita pamuviri vachiri vadiki kana Musambo wemumhanzi unokufadza.

Zvakakosha pakunyora rondedzero yetsananguro

- Chekutanga kuverenga wonzwisisa musoro wapihwa, woona kuti unonzwisisa nezvawo here musoro wacho kana kuti kwete.
- Rondedzero yako inotarisirwa kuva nenhanganyaya, mutumbi nemhedziso.
- Nhanganyaya inofanira kutsanangura musoro werondedzero uye kubudisa dzimwe pfungwa dzichabatwa mumutumbi werondedzero.
- Ndimba imwe naimwe ngaitakure pfungwa yayo, ichitsanangurwa zvizere. Uyu ndiwo mutumbi werondedzero unotakura pfungwa dzemurondedzero.
- Mhedziso yakakosha pakupeta pfungwa dzabuda murondedzero.

Yambari pakunyora rondedzero yetsananguro

- Tsanangura nemazvo musoro werondedzero uchibudisa pfungwa dzinoratidza kuti unonzwisisa chinhu chauri kutsanangura nezvacho.
- Kujekesa pfungwa dzauri kupa murondedzero, ipa mienzaniso yakakodzera.
- Tanga kunyora pfungwa dzine udzamu dzaunoona kuti dzinokupa zvibodzwa zvakawanda.
- Usanyurura nyaya yawakamboveverenga mune chimwe chinorwa.

Rondedzero yezwi rimwe chete

Imhando zvakare yerondedzero yetsananguro nokuti inoda kuti mudzidzi atsanangure zvakazara pamusoro pezwi rapihwa.

Muenzaniso: ukama, nzara, barika

Zvinotarisirwa paronedzero yezwi rimwe chete

- Chekutanga kududzira zvinoreva izwi racho kana kutsanangura zvinoreva izwi racho zvizere.
- Rondedzero iyi hainyorwi nyaya nokuti munyori webvunzo haazowani zvibodzwa zvakanwanda.
- Zvibodzwa zvinopihwa zvichienderana nehuwandu hwepfungwa dzapihwa nemunyori webvunzo pamusoro pezwi raapihwa.
- Tarisa muenzaniso wepfungwa dzingabudiswa muronedzero ine musoro wekuti Dzidzo.

Dzidzo

Dzidzo ruzivo runowanikwa neanenge achitsvaga mamiriro namafambiro ezvinhu zvinowanikwa muupenyu.

- *Panowanikwa dzidzo*
 - *mumhuri, munharaunda, pazvikoro, padare, mumachechi, pamusangano, mumadzimudzangara, indaneti*
 - *Mudzidzi anotarisirwa kutsanangura mhando dzedzidzo dzinowanikwa panzvimbo idzi*
- *Zvakanakira dzidzo*
 - *kuderedza urombo munyika*
 - *kusimudzira raramo yeupenyu*
 - *kusimudzira upfumi hwenyika*
 - *kusimudzira vanhukadzi nemwanasikana*
 - *inoderedza kuparwa kwemhosva*
 - *inorodza njere*
 - *inobatsira kuchengetedza zviwanikwa zviru munyika*

- *Zviru kudzorera dzidzo kumashure*
 - *kushaya mari yemuripo wechikoro*
 - *kuroodza vanasikana vari vadiki*
 - *zvirango zveupfumi zvakatemerwa Zimbabwe*
 - *kupararira kweutachiona hunokonzera dzihwamupengo*
 - *kubhadharwa muhoro uri pasi kwevarairidzi*
- *Zvingaitwa kusimudzira dzidzo*
 - *zvikoro zvehurumende zvinofanira kubhadharwa mari yepasi uye mari yemuno munyika*
 - *masangano akazvimiririra ega nehurumende zvinofanira kubatsira vanotambura kana kuti vanoshaya*
 - *vadzidzi vanofanira kugona kushandisa indaneti kana dzidzo yemumasaisai kuwana ruzivo*
 - *kusunga vanotyora kodzero dzevana dzedzidzo*

Idzi ndedzimwe dzepfungwa dzinogona kubudiswa pakupindura mubvunzo wemhando iyi. Mudzidzi anokwanisa kuwedzera zvake. Pfungwa idzi dzinofanira kubatanidzwa dzichiruka rondedzero.

2. Nhairwa

Nhairwa ironedzero ine chekuita nevanhu vanenge vakaungana, iwe (munyori) wonzi chinyora rondedzero uchitaura kugungano revanhu iri.

Zvakakosha panhairwa

- (i) Munyori webvunzo anotarisirwa kutanga nekwaziso kana mazwi ekukumbira nzeve kugungano revanhu rinenge rakaungana.

sokuti: **Pamusoroi ...**, **Mangwanani akanaka ...**,

- (ii) Munyori webvunzo ngaashandise izwi remutauri rekutanga sokuti: **Ini ndauya pano ...**
- (iii) Munyori webvunzo, sezvo ari iye mutauri, ngaakwazise gungano riripo sezvo kwaziso ichipa ruremekedzo. Pakukwazisa apa ngaatange nevakuru achienda nezvinzvimbo zvinoremekedzwa zvevaripo pagungano.
- (iv) Munyori ngaabudise chinangwa cheungano iripo. Zvakare zuva ngaribude, sokuti: **Nhasi; Chitatu 28 Kukadzi ...**
- (v) Pakutsanangura pfungwa imwe neimwe zvakazara uye zvinogutsa ndipo pane mutumbi werondedzero.
- (vi) Mutauri achinge apedza anotarisirwa kupa mazwi ekutenda kuvateereri.

Muenzaniso womubvunzo

Uri mumiriri wedunhu renyu, nyora mashoko auchataura pagungano revarimi richaitwa mudunhu renyu uchitsanangura matambudziko ari kusangana nevarimi uye rubatsiro rungadiwa pakugadzirisa matambudziko aya.

Musoro

Matambudziko ari kusangana nevarimi vekwaChivi uye rubatsiro rungadiwa pakugadzirisa matambudziko aya.

Zuva

2 Kukadzi 2020

Nhanganyaya

Pamusoroi vanoremekedzwa, Nhengo yeDare reParamende, VaMoyo, mukuru wevarimisi, VaDube, masangano evarimisi ose vari pakati pedu nemi mose muri pano.

Ini ndinonzi Abel Mukaka, mumiriri wevarimi mudunhu reChivi South. Ndinoda kurudunura matambudziko atiri kusangana nawo uye ndichikumbirawo rubatsiro rwatinotaririra kubva kuhurumende nemasangano akazvimiririra oga.

Mutumbi

Munyori webvunzo anotarisirwa kunyora matambudziko akaita seaya:

- *kushaikwa kwemvura mudunhu reChivi*
- *kufirwa nezvipfuwo*
- *kudhura nekushaikwa kwembeu muzvitoro*
- *kutengerwa zvirimwa nemutengo wakaderera*
- *kuondomoka nekuchereka kwemigwagwa*
- *kushaya ruzivo pamusoro pembesa dzokurima*

Zvingaitwa kugadzirisa matambudziko:

- *hurumende kubatsira nembeu nefetiraiza*
- *kudzidzisa varimi nezvekurima*
- *kuchengetedza uswa nemashanga zvokuzopa zvipfuwo munguva yechirimo*
- *kuvaka madhamu nekuchera zvibhorani kuitira madiridziro*
- *hurumende kutengera varimi nemitengo yepamusoro*
- *kuita mishandirapamwe yekurima*

Mhedziso

Ndinoda kukutendai zvikuru nekuungana kwataita takatarisana nematambudziko atinosangana nawo sevarimi vekwaChivi. Ndinovimba hurumende nemamwe mapoka akazvimirira achaisawo ruoko rwawo patiri kuti tibudirire mune zvekurima.

Vose vatitsika mudunhu redu ndinoshuvira kuti mufambe zvakanaka kudzokera kumizinda yenyu. Vanosara saraiwo murugare. Ndatenda.

3. Rondedzero yetsumo

Pakunyora rondedzero – rondedzero inonzi yakanaka inofanira kunge yakashandiswa zvirungamutauro zvakasiyana-siyana zvakaita setsumo, madimikira, nyaudzosingwi, enzaniso nefananidzo izvo zvinofanirwa kushandiswa panzvimbo yakakodzera kuti rondedzero inakidze.

Parondedzero yetsumo, munyori anotarisirwa kunge achiziva zvinoreva tsumo yacho nemazvo, kwete kufungidzira. Munyori haafaniri kutapa nyaya yaakaverenga mubhuku renganonyorwa. Nhendeshure, nhangirapakati, fungiramumwoyo nenhaurirano ndezvimwe zvidavado zvinokurudzirwa munyori kushandisa. Unotevera muenzaniso wemusoro werondedzero yetsumo nemhinduro.

Gunde repwa rinonaka asi hariiswe mudura

Iyi itsumo inoreva kuti muupenyu mune zvimwe zvinhu zvinonatidza vanhu kwenguva pfupi asi zvisingazovabatsire muupenyu. Tsumo iyi inozadzikiswa naMurombo uyo aishanda kuKwekwe.

Ainge asiya mhuri yake kuGokwe ndokusvikodanana nependeke, Muchaneta, achikanganwa mhuri yake. Pakapera basa Muchaneta akamuramba sembwa.

Muchaneta naMurombo vainge vave shiri dzerudo, vachipedza nguva zhinji zvavo vari kumafuramhepo. Rimwe zuva vari kuKariba uko vachisasana zvavo vachidya nokunwa tunonaka, vaviri ava havana kuziva kuti midzimu yainge yavafuratira kubasa kuKwekwe.

MuRungu paakangozviti fembu kuti Murombo ainge oita zvekushanya kubasa, akabva angoti chitupa chaMurombo chebasa pafafitera turikei.

Murombo akabarwa ari zai regondo. Vabereki vake vakabva vatorwa nedenga mutsaona yebhazi rekwaDzinemhuru iro rakanzvenga mugwagwa munguva yezhizha ndiye ngondo ngondo muna Svisvi.

Murombo akatopona panjodzi iyi nokuti musi uyu amai vake, VaMuchareva, vainge vamusiya naambuya vake, VaChireranherera. Vabereki vake vainge vachienda kudhorobha reKwekwe kunotenga tunonaka sezvo vainge vatengesawo tudonje twavo ndokupihwawo tumadhora twekuAmerica.

Kubva musi wachengetwa vabereki vake, Murombo akasara ari mumaoko aambuya vake VaChireranherera. Sezita ravo, VaChireranherera vaigona kurera nherera. Murombo hapana chaishaya ambuya vake vachiri panyika. Chikoro aipindawo sevamwe vana. Mari yechikoro, mbatya dzechikoro, mabhuku, mbuva nezvimwewo hapana chaishaya mukomana uyu. Ambuya vake vaidikitira siku nesikati mubindu remuriwo kuedza kuriritira wavo muzukuru, Murombo.

Chero zvazvo ambuya vaishandira kuti Murombo awane dzidzo, iye pachake njere dzechikoro ainge akanyimwa neWedenga. Uropi hwake yainge mvura chaiyo panyaya dzemabhii. Chaakakwanisa kwaive kunyora zita rake nekuverenga mari chete. Zvisineyi, ambuya vake vakashingirira dakara apedze fomu yechina kusekondari. Achingoti penzura pasi tsve, Murombo akabva aberekana naRuvvarashe uyo aiva nemutangatsapi uyo wainge woda kutoponiwa. Vachizviti ba-a, VaChireranherera vakati ose matsvene sezvo waitodawo mubatsiri pamba pavo nokuti mazuva avo ainge awanda panyika. Chembere yakatengesa mbudzi, huku nezviyo zvayo ndokunoorera Murombo.

Mushure memwedzi mishomashoma Ruvvarashe naMurombo vakapihwa kamhandara kavo.

Upenyu hwakatanga kuoma sedombo Murombo ndokubva afunga kuenda kudhorobha kunotsvaka basa. Semunhu aigona kushandisa maoko uye simba, hazvina kumunetsa kuwana basa pakambani yaBen Muchena aibika zvitinha.

Murombo akashanda nesimba kwemwedzi mishanu zvekuti Ben akafadzwa ndokubva amusimudzira kuva foromani. Kusimudzirwa uku kwakawedzerawo mari yaaitambiriswa, waneyi Murombo amera mapapiro segurwe. Mbatya neshangu akatanga kupfekawo zvine mutupo. Idzo mbatya dzikati dzaimugara seakazvarwa nadzo. Ben akabva amupawo kamotokari kuti akasire kuenda kubasa, imba yekugara ichitevera. Veduwe-e, kutaurirwa hunyimwa. Murombo aingofamba maoko akanzi pfe-e muhomwe, mudzipanyota nga-a muhuro, bhatye pabendekete, kana iri shangu yaivaima sejombo remupurisa.

Paakapihwa motokari, kupera kwevhiki rega rega gosha vainge votsika mafuta vakananga kuna Svisvi, motokari yakati pa-a nezvidyiwa, mbatya nezvinwiwa zvemhuri yake. Vegodo vakatsva mwoyo ikanyongodeka samarasha eHwange. Vemufaro vakapembera pamwe naVaChireranherera naRuvarashe. Hapana aiziva kuti muroyi, Muchaneta, aizoba rufaro netariro yemhuri iyi.

Rimwe zuva Murombo achidzokera kubasa kuKwekwe, akati tsviriri motokari yake padhorobha reGokwe achida kutenga zvinwiwa zvinotonhorera ndiye mahwekwe nengirozi, nyeredzi chaiyo yemwana. Muchaneta ainge akazvarwa pachokwadi, ganda rake rakatsetseka, maziso ake ainge akatenderera semwedzi wechirimo, mipimbira iri mirefurefu seyehurekure. Kufamba aidovaira senjiva mubani. Ziso raMurombo rakaramba kubva pana Muchaneta.

Sependeke, Muchaneta paakaona kuti gonzo rateyewa nenzungu, akati dzawira mutswanda. Vaviri vakazongoerekana vava kugara vese kuimba yebasa yaigara Murombo. Murombo akatapurirwa nerudo rwependeke, Muchaneta, ndokurasa njere pachokwadi.

Murombo akatanga kurovha kubasa achienda kumafuramhepo naMuchaneta. Kumusha akapika kuti aisazotsikeyo sezvo Ruvarashe aisageza nekupfeka saMuchaneta. VaChireranherera naRuvarashe vakatanga vacharinga nzira nekuchaya runharembosha vachingonyeperwa kuti basa rainge rawandisa. Vaviri ava vakati vaizongoonawo Murombo paaizongouyira.

Murombo akatsika mafuta nechido chemwoyo chake, Muchaneta, vakananga kuKariba. Haana kuzivisa Ben, muridzi wekambani, nezverwendo urwu sezvo Murombo aive ozvitonga pakambani apa.

Ben akarumwa nzeve nevamwe vashandi, mwana wemuchena akafemera mudenga sendere. Haana kupedza nguva. Akatora makiyi ehofisi yake ndiye ndokuisa muhomwe yemukati mebhachi. Kumba kwaigara murombo akangosvika ndokuburitsa midziyo nembatya panze pegedhi, ndokukiya gedhi rake, ndiye hutu kumba kwake.

Pakazodzoka shiri dzerudo mbiri idzi kumafuramhepo, vakawana zvinhu zviru manyama amire nerongo. Vakarohwa nehana vachiona zvinhu zvavo zviru kunze kwegedhi. Akabvunza mupurisa aichengeta pamba apa, ndokuudzwa kuti Bhunu rainge rauya ziso riri mhiripiri kutsvuka nehasha. Murombo akabva aziva kuti midzimu yake yainge yamufuratira.

Uyuwo Muchaneta paakangoona kuti muchero wainge wakuva, haana kusweroti pamunhondo pamusasa, akabva angoti twake kumbe kumbe, ndiye muchovha waidarika nepamugwagwa misei, pindikiti, ndiye hutu, kwakaenda imbwa ndokwakaenda tsuro.

Asati aenda, akaudza murombo pachena kuti hwavo ushamwari hwaive hwakasunganidzwa nemari chete. Sareiwo VaMurombo vangu vangoduva sehuku yanaiwa.

4. Tsamba

- Ichi chinonyorwa chinonyorwa chichibva kune mumwe munhu chichienda kune mumwe.
- Kune mhando mbiri dzetsamba – tsamba yebasa netsamba yehama kana shamwari.

Chimiro chetsamba yebasa

- kero mbiri – yemunyori neyekunoenda tsamba.
- kero dzose dzinonyorwa kuruboshwe kana zvaitwa kare (kuisa kero yemunyori wetsamba kurudyi, yemunhu achatambira tsamba kuruboshwe).
- kero yekutanga ndeyemunyori wetsamba.
- wapedza kero yekutanga, siya mutsara wonyora zuva, mwedzi negore ranyorwa tsamba iyi.
- kero yechipiri ndeyekunoenda tsamba uye inoiswa chinzvimbo cheanotambira tsamba.

- pakumikidzo kana chingamidzo yetsamba nyora kuti Changamire. Usaisa zita remunhu nyangwe uchimuziva.
- donzvo – rinogona kusavapo nokuti kuvapo kwaro rikange rine mhosho zvinoreva kuti kutoderera kwezvibodzwa asi harideredzi zvibodzwa kana rikasavapo.
- magumo – zita remunyori neredzinza.

Chimiro chekero

Mawadze Primary School

Private Bag 555

Chivi

28 Kukadzi 2022

- Munyori webvunzo ngaashandise vara guru pana Private Bag nepana Post Office Box.
- Zita renzvimbo, sokuti Chivi, ngarinyorwe nevara guru chete pokutanga kwete kuti CHIVI.

Wonekano

- Munyori, mushure memhedziso, anogona kuoneka achiti: Ndini wenyu anovimbika/akavimbika/anutendeka/akatendeka.
- Munyori ngaanyore zita rake neremhuri asingaisi zvimiso.
- Zita rinonyorwa sezvizvi:
Ndini wenyu anovimbika
Makanaka Gwara
- Kusaina hakuna basa, hakuwanise zvibodzwa.
- Kero dzose hadziiswi zvimiso.

Heunoi muenzaniso wetsamba yebasa:

Nyora tsamba kugurukota rinoona nezveutano uchipa zvikonzero zviri kuita kuti utachiona hunokonzera chirwere chedzihwamupengo hupararire. Ipawo mazano ezvingaitwe kuderedza kupararira kweutachiona uhwu. [50]

*Boarder Munaka Secondary School
Private Bag 515
Chivi*

28 Kukadzi 2022

*Gurukota rezveUtano neKurerwa kweVana
Post Office Box CY 1122
Causeway
Harare*

Vanodiwa Changamire

Donzvo: Zviri kukonzera kupararira kweutachiona hunokonzera chirwere chedzihwamupengo uye zvingaitwa kuderedza kupararira kweutachiona uhwu.

Ndanyora tsamba iyi nechinangwa chekutsanangura zviri kukonzera kupararira kweutachiona hunokonzera dzihwamupengo uye ndichipawo mazano ezvingaitwa kuderedza kupararira kweutachiona uhwu.

Chiri kunyanya kukonzera kupararira kweutachiona hunokonzera dzihwamupengo kuritaira kunoita voruzhinji pose pose vasina kuvhara miromo nemhino dzavo nezviseketo zvakanaka sezvinotarisirwa nesangano reutano repasi rose. Vamwe vanorembenda zvisheketo zvavo semhete dzomunzeve, vamwewo havatopfeke zvachose, nokudaro pavanohotsira paye utachiona hunozara mumhepo inofema vamwe hwopembera mumhepo huchitsvaga pokugara zvahwo. Anenge angohufema, hukangopinda mumuviri wake, hwatowana mukoko wekugara.

Chimwezve chinokonzera kupararira kweutachiona uhwu hunokonzera dzihwamupengo kugara vanhu vakaungana sembudzi. Vanhu, mumadutavanhu umu nepamitsetse yepamabhanga, vanoswera vakaungana panzvimbo dikidiki vachifemerana mweya. Pavanenge vakaungana semasvosve mumwena kudai, ndipo vanofemerana vachiparadzirana utachiona uhwu.

Vanaguramatunhu ndivo vamwe vanokonzerawo kupararira kweutachiona uhwu, zvikuru sei vaye vanotenga nekutengeserana. Vazhinji nhasi vopona nehwakumukwaku segunguwo, nokudaro vave kunoshava kune dzimwe nyika uko vanoenda vonouya vakatakurana negachichi reutachiona. Vanosvikohuti chii kuhama neshamwari dzinenge dzakazvivororera zvadzo kumusha.

Pakuedza kuderedza kupararira kweutachiona uhwu, vanaguramatunhu vose vanofanirwa kuvhenekwa vasati vabuda nekupinda pamiganhu yenyika. Vanenge vabatwa vakatakura utachiona uhwu ngavaiswe kwavo vega vachirapwa dakara vavapo vozoenda kune vamwe.

Tsika namagariro edu ndizvo zvimwe zviri kukonzera kupararira kweutachiona uhwu, zvikuru sei apo vanhu vanofarira kuona zviso zvevafi, kuungana nekumbundirana panhamo zvinova

zvinorambidzwa nebazi reutano. Zviito zvese izvi zvinorambidzwa nesangano rezveutano pasi rose asi veruzhinji nanhasi uno vanoomesa misoro sezvigogodza vachisimbirira pazviito izvi. Pakuungana, kumhoresana chishanu nekuona zvitunha ndipo veruzhinji vanofema nokukokota utachiona hwedzihwamupengo iri, fume yangove hotsi hotsi.

Mukuedza kuderedza kupararira kweutachiona hunokonzera denda redzihwamupengo, veruzhinji vanokurudzirwa kutevedzera mitemo yakatarwa nesangano rezveutano pasi rose. Kupfeka zviseketo zvakanaka zvichivhara mhino nemuromo, kwete kurembedza pasi pechirebvu sebhera remombe. Vanenge vabatwa vasina zvipfeko izvi neavo vanenge vasina kupfeka zvakanaka, vanamugaradzakasungwa ngavaite basa ravo nemazvo, ngavasungwe nekubhadhariswa mazana emadhora emari kuti vapfidze, vamwe voruzhinji vodzidza kubva pavari.

Kuderedza kupararira kweutachiona uhwu, vanhu ngavagare chinhambo chinokwana nhanho mbiri dzemunhu mukuru, vakaparadzana kwete kumanikidzana panzvimbo imwe chete. Pangave pachikoro, musvondo, pamutsara wezvutupa nepamidhuri yekujurujuru mari, vanhu ngavamire vakaparadzana.

Vaye vane shavi redzvatvatsva, vanaguramatunhu, ngavafambe netsamba dzavo dzekubayiwa nhomba yekudzivirira dzihwamupengo uyezve ngavavhenekwe pamiganhu yenyika dzose dzavanoda kupinda nokubuda kwete kungovaregera vachingoti ngori munyika ivo vakatakura utata hunoruma nevasina mhosva.

Dzimwewo tsika dzinodawo kugezwa nesipo setsvina kana dzichikonzera kurasikirwa neupenyu. Tsika dzekubatana zvanza, kuona chiso chemufi nekumbundirana dzinoda kunzi tsve kwakadaro. Tsika idzi ndidzo dziri kunyanya kukonzera kupararira kweutachiona nokudaro, madzisabhuku, madzishe neveruzhinji ngavadzidziswe neveutano kuipa kwakaita tsika idzi maererano nekupararira kweutachiona hwedenda redzihwamupengo. Nyasire dzinenge dzabatwa dzichiita izvi ngadzibhadhariswe muripo unorwadza. Masabhuku kana madzishe ngavapihwe masimba ekusunga vanhu ava.

Kugeza maoko nemvura ine sipo uye inochururuka zvinoderedza kupararira kwechirwere. Izvi zvinorerutswa nekuisa mvura muzvigubhu nemumigomo yoiswa panzvimbo dzinosangana veruzhinji pakaita sepazviteshi zvemabhazi, zvikoro nemikova yemahofisi. Chikurukuru chinokurudzirwa nesangano reutano repasi rose maererano nekuderedza kupararira kweutachiona uhu nedenda iri, kubayiwa nhomba inodzivirira nekuderedza marwadzo uye ndufu.

Veruzhinji vanokurudzirwa kubayiwa nhomba iyi sezvo iriyo yakaonekwa navanamazvikokota vezveutano ichibatsira pakuderedza kutapurirana utachiona.

Ndinovimba mazano angu andakupakuriraiwo achabatsira zvikuru pakuderedza kupararira kweutachiona hunokonzera dzihwamupengo.

Ndini wenyu anovimbika

Freeman Dube

Zvirungamutauo

- MuChiShona munoshandiswa zvipande zvemutauo zvakasiya-siyana zvinonzi zvirungamutauo.
- Zvirungamutauo zvakakosha nokuti zvinopfumisa mutauo nokupa uchenjeri kuvanhu.
- Zvirungamutauo zvinoumba tsika neunhu hwevanhu vanonzi vaShona nokuti zvinoshandiswa pakuraira, kutsiura uye kudzora vanhu vemazera ose.
- Zvirungamutauo zvinogonawo kushandiswa panyaya dzokuumba ukama dzakaita sekupfimbana apo vakomana vanoshandisa mutauo wakadzika-dzika unonyevenutsa mwoyo yavadiwa.
- Muupenyu hwavaShona, zvirungamutauo zvaishandiswa pakukurudzirana kugara vanhu vari pamwe chete vakabatana.
- Vanyori vebvunzo vanotarisirwa nokusungirwa kugona kushandisa zvirungamutauo panzvimbo dzakawanda muzvidzidzo zvavo zveChiShona pakaita sepanotevera:
 - Pakupindurwa kwenzwisiso – zvakakosha kuti vanyori vebvunzo vazive zvirungamutauo pakupindura mibvunzo inoda tsanangudzo dzezvirungamutauo. Vanokwanisawo kugona kudomawo zvirungamutauo

zvakasiyana-siyana kubva mundima dzavanenge vaverenga.

- Pakunyora pfupiso – vanyori vakaziva zvirungamutauo nekuzvitsanangura vanoziwa nekukwanisa kunyora pfupiso isina zvirungamutauo. Zvakakosha kuziva pazvinofanira kushandiswa nepazvisingashandisiwi.
- Zvirungamutauo izvi zvinoita kuti mutauo uve unonakidza kutaura nekunzwa.
- Zvinosanganisira tsumo, madimikira, fananidzo, mazitadunhurirwa, enzaniso nezvimwewo.
- Vanyori vebvunzo vanofanira kuziva musiyano uri pakati pezvirungamutauo.

Mhando dzezvirungamutauo

Tsumo

Chii chinonzi tsumo?

Tsumo chirevo chine ungaru chinotaura zvakadzama nemazwi mashoma, chinoratidza zvinowanzoitika muupenyu, sokuti:

- (a) Mwana washe muranda kumwe.
- (b) Bvupa jena rakabva munyama.
- (c) Chati homu chareva.
- (d) Mwoyo muti unomera paunoda.

Mukunyatsoongorora tsumo dziri pamusoro, dziri kutaura zvinhu zvakadzika napaduku.

- Fananidzo inoonekwa nechiwedzerwa **sa-** nenhoredzerwa dzacho **se-** kana **so-**.
- Inogonawo kuonekwa nechiitogama **-nge**, sokuti:
 - anofamba **kunge bhiza**.
 - anodya **kunge nguruve**.
- Vanyori vanotarisirwa:
 - kugona kuzadzisa fananidzo.
 - kuumba zvirevo zvefananidzo.
 - kunyurura fananidzo kubva mundima kana zvirevo.

Enzaniso

- Enzaniso inogona kunzi fananidzosiri.
- Uku kumisikidza zvinhu zviviri zvichienzaniswa, sokuti:
 - Chenai **imvumba pakurwa**.

- Meno ake **mukaka chaiwo**.
- Tawanda **ibere pakukara**.
- Enzaniso inoshanda nechiwedzerwa chechindori /i-/ kana hwidzazwi/H/.
- **Cherechedzo:** Vanyori vebvunzo vazhinji havazive musiyano uri pakati pefananidzo neenzaniso, naizvozvo vanofanira kugara vachidzidzira kunyora enzaniso nefananidzo kuti vazive musiyano.
- Vanyori vebvunzo vanotarisirwa:
 - kugona kuzadzisa zvirevo neenzaniso yakakodzera.
 - kuumba zvirevo vachishandisa enzaniso.
 - kunyurura enzaniso kubva mundima kana muzvirevo.

Mazita

Chii chinonzi zita?

Zita izwi rinoshandiswa kusheedza, kudaidza kana kudoma chinhu, munhu, nzvimbo kana midziyo, sokuti; *muti, murume, Harare, mugoti*.

Maumbirwo emazita

- Mazita anoumbwa nechivakashure chezita nedzitsi rezita, seizvi:
Chivakashure chezita + Dzitsi rezita

| | | |
|------|---|---------|
| ka- | + | -bhegi |
| chi- | + | -koro |
| mu- | + | -komana |
- Mazita akawanda sokuwanda kwakaita zvinhu kana kutodarika nokuti kune zvinhu zvine mazita maviri kana kudarika sokuti; *gudo, diro, dede uye bveni*.
- Mazita anowanikwa ari muzvikwata zvakasiyana.

Nzira dzekuisa mazita mumipanda

Zvivakashure zvakafanana

Mazita ane zvivakashure zvakafanana anowanopinda muchikwata chimwe chete, sokuti;

| | | |
|------|---|-------|
| chi- | + | -bage |
| chi- | + | -ngwa |
| chi- | + | -toro |

Mazita aya ari mumupanda 7 uye chivakashure chacho ndi/chi-/.

Sungawirirano yakafanana

Kazhinji mazita ane sungawirirano yakafanana anopinda mumupanda mumwe chete, sokuti;

Kambudzi kaya kabereka asi kadiki.

Kabhegi kawakatakura kaneyiko?

Kapenzi kasvika kakapinda mumba kakatora mari kakatiza.

Sungawirirano yemazita emupanda 12 ndi/ka-/.

Zvaanoreva zvakafanana

Kazhinji mazita anoreva zvakafanana anopinda mumupanda mumwe chete, sokuti;

- Mazita anoreva vanhu:
 - mukomana (1)
 - musikana (1)
 - murapi (1)
- Mazita enzvimbo dziri kure:
 - kumunda (17)
 - kurwizi (17)
 - kure (17)
- Mazita anoreva mukati mechinhu:
 - muziso (18)
 - mumba (18)
 - mukanwa (18)

Sungano youshoma nouwandu yakafanana

Mazita ari muushoma mumupanda mumwe chete anogona kuzova muuzhinji mumupanda unotevera, sokuti;

| Mupanda | Mazita | | |
|---------|-----------|----------|----------|
| 1 | mukadzi | murume | musikana |
| 2 | vakadzi | varume | vasikana |
| 3 | mutsvairo | mukombe | muti |
| 4 | mitsvairo | mikombe | miti |
| 5 | banga | badza | demo |
| 6 | mapanga | mapadza | matemo |
| 7 | chikoro | chitima | chingwa |
| 8 | zvikoro | zvitima | zvingwa |
| 12 | kaharahwa | kasikana | kamwana |
| 13 | tuharahwa | tusikana | tuvana |

Maumbirwo akafanana

- Mazita akaumbwa zvakafanana anogona kupinda muchikwata chimwe chete.
- Chivakashure + mudzi wechiito + nzvovera yokupedzisira

Mupanda 1

mu- + -nhu
mu- + -rume

Mupanda 15

ku- + -taur- + -a
ku- + -mhany- + -a
ku- + -vereng- + -a
ku- + -p- + -a

Mupanda 17

ku- + -seri
ku + -Buhera

Mipanda yemazita

| Mupanda | Chivakashure | Dzitsi | Zita |
|---------|----------------|-------------------------|----------------------|
| 1 | mu- mw- | -rume -ana | murume mwana |
| 1a | Ø- Ø- Ø- | -Rudo -baba -tete | Rudo baba tete |

| 2 | va- v- | -kadzi -ana | vakadzi vana |
|---------|---------------------|----------------------------|--------------------------------|
| 2a | Va- va-/a- | -Soko -sekuru | VaSoko vasekuru/ asekuru |
| 2b | a- | -mbuya -mai | ambuya amai |
| Mupanda | Chivakashure | Dzitsi | Zita |
| 3 | mu- mw- | -ti -edzi | muti mwedzi |
| 4 | mi- | -sawu | misawu |
| 5 | (ri-) | -kudo | gudo |
| 6 | ma- | -tanda | matanda |
| 7 | chi- ch- cha- | -koro -oto -pupu | chikoro choto chapupu |
| 8 | zvi- zv- zva- | -koro -ana -pupu | zvikoro zvana zvapupu |
| 9 | /N/ Ø- i- | -n'ombe -shiri -mba | n'ombe shiri imba |
| 10 | /N/ Ø- dzi- | -mbudzi -nyoka -mba | mbudzi nyoka dzimba |
| 11 | ru- rwu- rw- | -kova -kova -ana | rukova rwukova rwana |
| 12 | ka- k- | -chira -ana | kachira kana |
| 13 | tu- twu- tw- | -sikana -sikana -ana | tsikana twusikana twana |
| 14 | u- hu- hw- | -pfu -upfu -ahwa | upfu hupfu hwahwa |
| 15 | ku- | -nyora | kunyora |
| 16 | pa- | -musha | pamusha |
| 17 | ku- | -nze | kunze |
| 17a | Ø- | -mberi | mberi |
| 18 | mu- mu- | -dumbu -kirasi | mudumbu mukirasi |

Zvisazitasingwi

Chisazitasingwi izwi rinomirira zita kana kushanda pamwe chete nezita, sokuti:

iye afamba.

iye Tendai afamba.

Mhando dzezvisazitasingwi

Tine mhando mbiri dzinoti:

(a) Chisazitasingwi chedungamunhu

| Chisazitasingwi | Ushoma | Uzhinji |
|--------------------|--------|---------|
| Chemunhu wekutanga | ini | isu |
| Chemunhu wepiri | iwe | imi |
| Chemunhu wetatu | iy | ivo |

Maumbirwo echisazitasingwi chedungamunhu

| Chitsigisi | + | Chitaridzmunhu |
|------------|---|----------------|
| i- | + | -ni |
| i- | + | -su |
| i- | + | -we |
| i- | + | -mi |

(b) Chisazitasingwi chemupanda

Apa ndipo panopinda zvimwe zvisazitasingwi zvemimwe mipanda kubva pamupanda 2 kusvika 21.

Maumbirwo echisazitasingwi chemupanda

| Chitsigisi | Chitaridzmunupanda | Nzvovera /-o/ |
|------------|--------------------|---------------|
| i- | -v- | -o |
| i- | -ch- | -o |
| i- | -rw- | -o |

| Mupanda | Chisazitasingwi |
|---------|-----------------|
| 2 | ivo |
| 2a | ivo |
| 2b | ivo |
| 3 | iwo |
| 4 | iyo |
| 5 | iro |
| 6 | iwo |
| 7 | icho |
| 8 | izvo |
| 9 | iy |
| 10 | idzo |
| 11 | irwo |
| 12 | iko |
| 13 | itwo |
| 14 | ihwo |
| 15 | iko |
| 16 | ipo |
| 17 | iko |
| 17a | iko |
| 18 | imo |
| 19 | isvo |
| 21 | iro |

Zvidudzirazita

Chidudzirazita chinotiudza zvakawanda pamusoro pezita kana chisazitasingwi.

Chinotsanangura pamwe nekudzira zita kana chisazitasingwi zvakare.

| | | | |
|---------|----------|---------------|-----------------|
| Sokuti: | musikana | <u>murefu</u> | (chipauro) |
| | musikana | <u>oga</u> | (chirevauwandu) |
| | musikana | <u>umwe</u> | (chiverengo) |
| | iye | uyu | (chiratidzi) |
| | iye | upi | (chisarudzi) |

Zvidudzirazita zvinosanganisira zvipauro, zvirevauwandu, zviverengo, zvirevamwene, zviratidzi nezvisarudzi.

Zviratidzi

Chiratidzi chinogona kunzi chinongedzi. Chinongedzi izwi rinotendeka nzvimbo inenge ine chinhu kana munhu ari kutaurwa nezvake.

Mhando dzezviratidzi

- (a) Zviratidzi zvepedyo
(b) Zviratidzi zvekure

Maumbirwo

- (a) Zviratidzi zvepedyo

Chitsigisi + Chiratidzamupanda

| Chitsigisi | Chitaridzamupanda |
|------------|-------------------|
| i- | -chi |
| a- | -pa |
| u- | -yu |
| i- | -ri |

- (b) Zviratidzi zvekure

| Chitsigisi | Chitaridzamupanda | Nzvovera /-o/ |
|------------|-------------------|---------------|
| i- | -dz- | -o |
| i- | -sv- | -o |
| a- | -v- | -o |
| u- | -m- | -o |

Mubvunzo

Ipa fanano uye siyano iri pakati pezviratidzi nezvisazitasingwi.

Mhinduro

Fanano

- Zvese zvine chitsigisi panzvimbo yechivakashure.
- Zviratidzi zvekure nezvisazitasingwi zvinoratidza mupanda zvine maumbirwo akafanana.

| Chitsigisi | Chiratidzamupanda | Nzvovera /-o/ | |
|------------|-------------------|---------------|--------------|
| a- | -v- | -o | (chiratidzi) |
| i- | -v- | -o | (chisazita) |

- Zvose zvine chiratidzamupanda kana munhu seizvi:

| | | |
|----|-----|---------------------------------|
| i- | -ni | (chisazitasingwi chedungamunhu) |
| i- | -ri | (chiratidzi chepedyo) |
| a- | -vo | (chiratidzi chekure) |

- Zvimwe zvisazitasingwi zvinoratidza mupanda zvakafanana nezviratidzi zvekure.

Zvisarudzi

Zvisarudzi zvinogona kunzi zvinan'aniri. Zvinan'anuri zvinotsaura chinhu kubva pane zvimwe.

Maumbirwo

Chivakashure chechisarudzi + Dzitsi rechisarudzi

| Chivakashure chechisarudzi | Dzitsi rechisarudzi |
|----------------------------|---------------------|
| va- | -no |
| zvi- | -ye |
| dzi- | -pi? |

- Zvisarudzi zvine madzitsi matatu chete: -no, -ya/-ye, -pi?
- Zvinopindawo mumipanda sezvinoitawo mazita asi zvichifambirana nemazita azvinodudzira.

| Mupanda | Chisarudzi |
|---------|------------------------|
| 1 | upi?, uno, uye/uva |
| 2 | vapi?, vano, vaye/vaya |
| 5 | ripi?, rino, riye |
| 7 | chipi?, chino, chiye |
| 8 | zvipi?, zvino, zviye |

Zvirevamwene

Izvi zvine basa rokuratidza muridzi wechinhu. Chirevamwene chine sungawirirano nezita rachinodudzira uye chinoshandisa chivakashure chezita rachinodudzira.

Maumbirwo ezvirevamwene

Chiratidzamupanda (chiiswa) chechirevamwene + Nzvovera inoshanduka (-a-) + Dzitsi rechirevamwene

| Chiratidzamupanda chechirevamwene | Nzvovera inoshanduka (-a-) | Dzitsi rechirevamwene |
|-----------------------------------|----------------------------|-----------------------|
| dz- | -a- | -baba |
| zv- | -e- | -mba |
| w- | -e- | -mumba |

Madzitsi ezvirevamwene

Mazita anogona kuve madzitsi ezvirevamwene, sokuti:

munda **watete**.

vakomana **vemusango**.

chikwambo **chasekuru**.

chibage **chemumhare**.

motokari **yewaya**.

mukomana **wemucheno**.

bhora **remadhende**.

Zvidudzirazita zvose zvinogona kuva madzitsi ezvirevamwene.

- Zvisazitasingwi: **rako**. **zvarwo**.
- Chiitopauro: **yevanondiziva**. **zvevanorwara**. **rechakanaka**.
- Chiratidzi: **yeava**. **zveichi**.
- Chiverengo: **zvemumwe**. **dzepai**. **chemumwe**.
- Chisarudzi/chinan'anuri: **chezviye**. **zvevapi?** **svavano**.

- Chirevamwene:
zvevake.
kezvangu.
chedzambuya.
- Chipauro:
dzevazukuru.
kekusakurisa.
chemukuru.

Basa rezvirevamwene

- Kuratidza basa rechinhu, sokuti:
shamhu **yokurovesa**.
mutsvairo **wokutsvairisa**.
imba **yokugara**.
- Kuratidza chakagadziriswa chinhu, sokuti:
kapu **yedhaka**.
bhora **rechikumba**.
- Kuratidza mhando yechinhu, sokuti:
mombe **yemhou**.
sadza **rezviyo**.
- Kuratidza unhu/tsika, sokuti:
baba **vekudhakwa**.
mukomana **wembanje**.
amai **venyambo**.
- Kuratidza zviri mukati mechinhu, sokuti:
gaba **redovi**.
bhegi **remari**.
chigubhu **chemvura**.
bhegi **remabhuku**.
- Kuratidza nguva:
hope **dzechando**.
mwana **wemuhondo**.
mwaka **wemashuku**.
- Kuratidza nzvimbo, sokuti:
vachenjeri **vekumabvazuva**.
vasikana **vekwaMereki**.
vakomana vaenda **kwaGutu**.

- Kuratidza muridzi wechinhu, sokuti:
badza **rababa**.
bhaibheri **raMufundisi**.
pfuti **yasekuru**.
mushonga **wen'anga**.
huku **dzake**.

Mubvunzo

Umba zvirevamwene uchishandisa sungawirirano yechirevamwene yakasiyana pazwi roga roga.

| | | |
|---------|-------|------------|
| isu | chipo | asinganzwi |
| mumusha | mberi | zvitsvuku |
| gumbo | rako | baba |
| chino | mai | mombe |
| asekuru | | |

Mhinduro

| | | |
|-------------|--------------|-----------|
| chedu | rechino | twemberi |
| dzemumusha | zvemombe | svamai |
| yegumbo | mechipo | kaasekuru |
| werako | veasingazivi | hwababa |
| pezvitsvuku | | |

Cherechedzo:

- Kana wapihwa mubvunzo wakadai usazodzokorora sungawirirano yechirevamwene.
 - Ukati **zvedu** pana *isu* usazodzokorora **zv-** pana *mumusha*, ukati **zvemumusha** unenge watotadza.
 - Zvakare ukati **chegumbo** panagumbo ukazoti **chemombe** pana *mombe* unenge watadza.
- Sungawirirano dzezvirevamwene dzakawandisa saka unongoshandisa, chakakosha kusadzokorora sungawirirano chete.

Zvindori

Zvindori mazwi anoburitsa chirevo asi chisina chiito mukati, sokuti: nditete vake, itsori yangu. Chindori chirevo chisina chiito, saka mudzidzi anotarisirwa kutanga aziva chiito kuitira kuti agoziva pachinenge chisina kushandiswa.

Maumbirwo ezvindori

Chiwedzerwa chechindori + Dzitsi rechindori

ndi- + -baba
i- + -garwe

Mhando dzezviwedzerwa zvezvindori

Zviwedzerwa zvezvindori zvinoti: /ndi-/ , /i-/ , hwidzazwi /H/ na/ha-/.

Chiwedzerwa /ndi-/

- Chinoshanda nemazita omupanda 1a, 2a, 2b nezvisazitasingwi zvose, sokuti:

ndiRuvarashe (1a)
ndiVaMaphosa (2a)
ndiambuya (2b)
ndini (chisazitasingwi)
ndizvo (chisazitasingwi)
ndiye (chisazitasingwi)
ndini (chisazitasingwi)

- /ndi-/ ine nhoredzera /nda-/ , /nde-/ na/ndo-/.

- Nhoredzera /nda-/
 - inobatana nemazita emupanda 2a ne2b, sokuti:
 - ndavasekuru (2a) ndaamai (2b)
 - inobatanazve nezviratidzi, zvisarudzi nezviverengo zvemipanda 2 ne6 chete, sokuti:
 - ndavamwe ndaava ndavapi (2)
 - ndaamwe ndaaya ndaapi (6)
- /nde-/ kana /ndo-/ inoshanda nezvidudziramazita zvose kusara kwezvipauro, sokuti:
 - ndeichi (chiratidzi).
 - ndevanorwara (chidudziramuiti).
 - ndepamwe (chiverengo).
 - ndokupi (chisarudzi).
 - ndedzangu (chirevamwene).
 - ndevose (chirevauwandu).

Chiwedzerwa /i-/

Chinoshanda nemazita uye zvipauro zvemipanda 5, 9 ne10.

| | | | |
|--------|-----------------|---------|---------------------|
| idombo | Zita mupanda 5 | idema | Chipauro mupanda 5 |
| imombe | Zita mupanda 9 | itema | Chipauro mupanda 9 |
| ihuku | Zita mupanda 10 | itsvuku | Chipauro mupanda 10 |

Zviito

Mudzi wechiito

Mudzi wechiito ndicho chipande chechiito chisingashanduki kunyange nharaunda yechiito ikashanduka mamiriro, sokuti:

-bik-

ku-bik-a

pa-ku-bik-a

ku-bik-ir-w-a

Tikacherechedza tinoona kuti mudzi /-bik-/ hausu kushanduka.

Mhando yemidzi yezviito

- Midzi yezviito ine vara rimwe chete, sokuti:
 - ku-**p**-a
 - ku-**d**-a
 - ku-**b**-a
- Midzi yezviito ine mavara akawanda, sokuti:
 - ku-**tamb**-a
 - ku-**nyor**-a
 - ku-**mhany**-a
 - ku-**vereng**-a
 - ku-**bay**-a
- Midzi yakadzokororwa, sokuti:
 - ku-**chem**-a-**chem**-a
 - ku-**tamb**-a-**tamb**-a
 - ku-**cher**-a-**cher**-a

- Midzi yakakweretwa kubva kune mimwe mitauro, sokuti:
 - ku-**sevenz**-a (*sebenza*, Ndebele)
 - ku-**chay**-a (*tshaya*, Ndebele)
 - ku-**dhiraivh**-a (*drive*, English)
 - ku-**kiy**-a (*key*, English)
- Midzi yakabva kune mamwe mazwi eChiShona, sokuti:
 - ku-**svetuk**-a (kubva kunyaudzosingwi *svetu*)
 - ku-**pfupik**-a (kubva kuchipauro *pfupi*)
 - ku-**remar**-a (kubva kuzita *rema*)
- Midzi yezviito yakarebeswa, sokuti:
 - ku-**chek**-es-a
 - ku-**bik**-ir-a

Mubvunzo

Nyurura midzi yezviito zvinotevera:

- kuyaruka
- vanobva
- kuseka
- vadiwa
- musandizeza
- tambiswa
- kunzwana

Mhinduro

Kana munyori achipindura mubvunzo wakadai anofanira kuziva mudzi wechiito onyora mudzi chete.

Misambo yemutauro

- Musambo muChiShona matauriro, mapfekero kana maitiro anoitwa nemunhu kana achinge ari panzvimbo dzakasiyana-siyana. Somuenzaniso, kana muroora achitaura navatezvara zvakasiyana nematauriro aanoita achitaura natete hanzvadzi yemurume wake.
- Kana muroora achitaura navatezvara ane kuzvityora kwakaita sekusatarisana navo kumeso, kutaura vachishevedzana nemitupo, kupfugama nezvimwe. Kana achitaura natete hanzvadzi yemurume wake vanogona kurovana maoko, havakudzani uye vanoita jee vose.
- Izvi zvinoratidza kuti mutsika nemagariro avaShona, vanhu vane matauriro, maitiro, mapfekero uye zvimwe zvinotarisirwa, zvinosiyana nenzvimbo nevanhu vavanenge vachitaura navo panguva dzakasiyana.

Mhando dzemisambo

MuChiShona mune mhando mbiri dzemusambo dzinoti chinyarikani nechisekedzani.

1. Chinyarikani

Musambo uyu unoshandiswa nevanhu vanoremekedzana/vanokudzana. Vanhu vanoshandisirana musambo uyu:

- vanoshandisirana chisazitasingwi **imi**.
- vanoshandisirana mitupo nezvidawo pakudaizana.

- havatarisani kumeso.
- vanozvityora kana vachitaurirana.
- vanopfugama kana kuchonjomara (ambuya nemukwasha).
- vamwe vacho havakwazisani nemaoko: ambuya nemukwasha vanotaura vachiomberana. MuChiShona havabvumidzwi kukwazisana vachibatana maoko uye havabvumbamirani.
- vamwe vanofanirwa kupfeka mbatya dzinovhara muviri wose kana vari panzvimbo imwe chete.

Chinyarikani chinoshanda panzvimbo neukama zvinosanganisira:

- vabereki nevana.
- mukadzi nemurume.
- ambuya nemukwasha.
- mumabasa – vashandi nemushandirwi.
- mumakareke – vafundisi nevana vesangano.
- pakudavira nhare pamakambani.
- mumatare.
- vadzidzisi nevana/nevadzidzi.

Muchinyarikani munowanikwawo musambo wechitorwa.

Chitorwa

- Chitorwa musambo unoshandiswa nevanhu vasina ukama, vanhu vasingazivane, vanogona kunge vangosangana kana kuti vanenge vari vanhu vanoizivana asi vari vatorwa vane kakuremekedzana.

(d) Chiroora

- Musambo uyu unoitwa pavarooro namadzitete hanzvadzi dzevarume vavo. Unonyanya kubuda pandufu. Varooro vanotsvinyira kana kuti kuitira jee madzitete.
- Varooro vanotevedzera tsika dzomufi, zvakaita semapfekero kana matauriro nezvimwe zvaitwa nemufi.
- Kugeza nekupfekedza mufi vachitsvinyira chitunha.
- Kukura nzira inoenda kuguva.
- Kuchera mvura inoshandiswa kuguva.
- Kusvina ura hwechipfuyo chinenge chaurawa.
- Kusunga makavi kana chimucheka chichena kuhama dzomufi vachizosunungura mushure mekupihwa muripo.

(e) Chizukuru

- Uyu musambo unoshanda pakati pemadzisekuru, madzimbuya nevazukuru. Vanhu ava vanosekedzana pasina kunyarana.
- Vazukurukomana vanotaura zvakasununguka kuna vanasekuru navanambuya sezvo paChiShona vazukuru vachigona kugara nhaka yasekuru.
- Vazukurusikana vanonzi mudonzo wepwa navanasekuru saka vakasununguka kutaura zvavanoda.
- Mumusambo uyu vatauri vanotenderwa kupfeka zvavanoda asi zvinofanira kusara zvine chiremera.

- Vanambuya navanasekuru ndivo vanoraira vazukuru tsika namagariro evaShona.

(f) Chivvehano

- Uyu musambo werudo kana kuti unoshandiswa vanhu vachipfimbana.
- Vatauri vanoshandisa mazwi akadzama.
- Vanoyevana nekuyemurana.
- Pakunotanga kupfimbana, musikana anonyebedzera kunyara mukomana asi achinge ada hapasisina kunyara.
- Vakasununguka kutaurirana mazwi avanonzwisana avasingagoni kutaurirana nevamwe.
- Vakasununguka kupfeka zvavanoda zvichingodaro.
- Vanoshandisirana mazita pakushevedzana uye vanoshandisa chisazitasingwi **iwe**.

Cherechedzo:

- Vanyori vebvunzo vanofanira kuziva musambo umwe neumwe nemazvo.
- Vanofanira zvakare kuziva kuti musambo umwe neumwe une zvawakanakira uye une zvawakaipira.
- Vanyori ngavakwanise kuratidza zvinhu zvave kuita kuti misambo yeChiShona itsakatike.
- Vanofanira kuziva kuti zita remusambo rinofanira kutanga nachisokuti, chizukuru, chinyarikani, chishamwari zvichidero.

WEDZERA GADZIRIRO YEBVUNZO PAMISAMBO

MIBVUNZO

“Makadii amai.” Akadaro Murenjekwa achirova gusvi sezvo ainge asvika munzvimbo itsva yaaisazivikanwa. Akazvizivisa kuna VaChingweru vainge asangana navo vachienda kutsime. VaChingweru vakabva vamukwazisawo zvaive zvakadzikama vachinyatsomucherechedza. Murenjekwa anovabvunza nzira yaienda kwaSabhuku Mhukahuru uko aida kunotsvaka pekugara munzvimbo yavo. Vaviri ava vanopesana mushure mekunge VaChingweru vamuratidza nzira yaienda kwasabhuku.

1. (a) Doma musambo wakashandiswa navaviri ava. [1]
 - (b) Murenjekwa aitsvaka chii munzvimbo iyi? [1]
 - (c) Chii chinobvunzwa kuna VaChingweru? [1]
 - (d) Ndevapi vamwe vanhu vaigona kupa Murenjekwa pokugara, muupenyu hwavaShona? [3]
 - (e) Vanhu vave kushandisa nzira dzemazuva ano kuti vawane nzvimbo dzekwavari kuenda. Doma nzira nhatu dziri kushandiswa mazuvano nevanhu. [3]
 - (f) Ndechipi chinhu chinotanga kuitwa naMurenjekwa paanosangana naVaChingweru? [1]
- [10]
2. Nyora mashoko angataurwa:
 - (a) pakupinda mumunda mune vanhu vari kuita basa kana kusakura. [1]
 - (b) pakupfuura nepachivanze kana kupinda mumba muri kutsvairwa. [1]
 - (c) pakusvika pamusha pazvarwa mwana mutsva. [1]

- (d) kana vanhu vambenge vachifamba vose vosvika pakuparadzana. [1]
 - (e) pakutambira vanakomana vanobva musango kunovhima vauya nenyama. [1]
 - (f) pakuuchira mambo vagere padare pavo. [1]
 - (g) pakupfuura nepanovhiiwa mombe. [1]
 - (h) pakutambira vasikana vanobva kuhuni. [1]
 - (i) pakusangana nemunhu wavave nenguva musina kumboona. [1]
 - (j) pakupa mukadzi mari kana chimwe chinhu chinoratida kuti haachadiwi. [1]
- [10]

3. (a) Patsika namagariro avaShona, nyakufa anotukwa nekunemerwa nevaroora somunhu mupenyu. Rimwe gore imwe hwitakwi yerume payakanga yarara mubhokisi, yakanzi nomumwe murooora, “Zvaunosivadza dundundu uchiti, ‘Nyati imhenyu’, chimukaka tione uite zvaunozivikanwa nazvo nhasi pano. Ini ndagadzirira.” Vanhu vaive pamariro vakati pwati kuseka zvavo.
 - (i) Doma musambo wakashandiswa mundima iyi. [1]
 - (ii) Semaonero ako, ndohupi ukama huripo pakati pemushakabvu nanyakutaura? [1]
 - (iii) Doma mamwe mabasa matatu anoitwa nevaroora parufu. [3]
 - (iv) Musambo washandiswa pachindima chiri pamusoro waive wakakosherei parufu paupenyu hwavaShona? [2]

BVUNZO 2**PAPER 1****Nguva:** Maawa maviri**RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO**

Pindura mibvunzo yose.

Mibvunzo yose inofanira kupindurwa ne**ChiShona** chete.**CHIKAMU I: RONDEDZERO**

1. Sarudza musoro **mumwe chete** pane yose yakapihwa. Chinyora rondedzero yemhando yawasarudza nemazwi ari pakati pe**450** ne**500** kana kusvitsa mapeji **mana**.
 - (a) Ndezvipi zvingaitwe kuderedza kupararira kwedenda redzihwamupengo (covid-19)? [50]
 - (b) Nyora nyaya inoburitsa tsumo yokuti, “Chenga ose manhanga hapana risina mhodzi.” [50]
 - (c) Wakokwa somuenzi anoremekedzwa pamakwikwi emitambo yakasiyana-siyana inoitwa nevana vechikoro vabva kuzvikoro zvemudunhu renyu. Chinyora mashoko auchataura pagungano iri vana vava kupihwa mibayiro yavo uchijekesa zvakakoshera mitambo uye matambiro akanaka anofanira kuitwa kunyangwe vachikwikwidzana. [50]
 - (d) Nyora tsamba kugurukota redzidzo dzeपुरaimari nesecondari munyika yenyu uchimutsanangurira matambudziko ari kusanganikwa nevana padzidzo uye uchipawo mazano ezvingaitwe kupedza matambudziko aya. [50]
 - (e) Nyora hurukuru pakati pevakomana vaviri vari kukakavadzana pamusoro pemagariro emumaguta. Mumwe anoti maguta angofanana nekumaruwa pamagariro ari kuita vanhu mumwe achiti, upenyu hwemudhorobha hwakanaka. [50]
 - (f) Mafashamu [50]
 - (g) Zvakakoshera mishandirapamwe pamabasa ekurima. [50]

CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

2. Nyatsoverenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo ichapihwa ne**ChiShona** chakanaka. VaMarwira vakanga vakanyarara panguva yose iyi. Asi vakaona kuti nyaya yava kurerekera kwavari ndokubva vapindura, “Amai vaChipo, hapana chakaipa chinoorera pasi. Mashiri akauya tikamuudza zviri pamwoyo pedu. Zviri kwaari, inyere yake, ndiye achaziva kuti inoridzwa sei. Zvinhu takagara takanganisa pakutanga. Nyaya yaifanira kuenda padare, zvino takadzoka toita fungiramumwoyo. Pokupindukira hatichina. Musha wangu handitsipiki amai vaChipo. Kudare kwandakambenge ndichareva handichakuendi pamusana pokuti Mashiri atanga kujanyangura. Musha womwana wangu unoramba wakadaro. Mugoni wemuroyi igona rake, musiye akadaro.”

“Aiparira pausi. Vairidza mhururu, vaipembera, vachifara vakabatira makano mumaoko vaiti vaitema nzou here? Iye nhasi zvapera.

Nhasi aiva madziva, vana vachifarira kuti nhasi toenda kunokukuzva hove, aoma. Pofambwa nemagwawava navanamudune. Vainyumbwira vachipesverwa nokudya kwavaipihwa nomwana wangu, Tsuro haiponi rutsva kaviri; rwetatu yaiswa muhari.

Mashiri achandiona zvake ini mwana waMudyandimire.” VaMandisema vakanga vachipukuta nzungu dzavakanga vakanga, dzavaida kuti vakuye dovi.

“Handina mwana anopisirwa guva ini. Ndiani wokurudzi kwake akafa achisvinwa mwana mudumbu? Ndiani wokwake akafa achitongwa neyokuponda munhu? Kudzinde kwangu hakuna. Mashiri haaifanira kutsvinya kudaro. Mwana handina kunhonga; ura hwangu, mwoyo wangu neropa rangu. Yaiva huku here yavaitumburira pachivanze? Mashiri akabereka nomwana wangu, asi nhasi ouya achindiridzira tsvi. Vakamutswa muduri sechibage, mwana wangu akapera kusakara, kuzhwaranuka kudaro kushaya ruvara seanonzi akanga asingadyi. Vakamuita gamburanwa asi nhasi ouya akapetera muswe mujira romwana wangu. Kana paine chakamugara, chichabuda chichizvireva, kana huri uroyi hunovadariso vachachiona chakagarisa huku mumusha. Ingozi here kana kuti kudada kunovadariso?”

VaMandisema vakambomira vachitura mafemo. Vaifunga kuti murume wavo achavapindura asi akaramba anyerere. “Vakandirinza musango mukadzi mukuru, kuraropumhaira nesango ndichirwadziwa mwoyo ndichiti mwana wangu akadyiwa nezvikara, ndisingazivi kuti zvikara zviri kuvedzenga nyama yazvo. Inga vakanaka zvavo. Upfumi here hunovadariso kuti vadye vachitsetserera senguruve?”

“Hakusi kudada kana kuti upfumi, pane chakavagara,” Mudzimai wavo akanga opfikura, zvitama zvachiti nyekete nemisodzi.

[Kubva muna Muchadura (1967), naRibeiro, E.]

- (a) Ndivanani vari kutaurirana munyaya iyi? [2]
- (b) Ndezvipi zvinhu zviviri zvikuru zvaishungurudza vatauri vari munyaya iyi? [2]
- (c) Tsanangura zvinorehwa nendevo idzi sokushandiswa kwadzo munyaya iyi:
- (i) Vakaona kuti nyaya yava kurerekerwa kwavari [2]
 - (ii) Tsuro haiponi rutsva kaviri [2]
 - (iii) Kupisa guva [2]
 - (iv) Vakamutswa muduri sechibage [2]
 - (v) Kutura mafemo [2]
 - (vi) Pane chakavagara [2]
- (d) Ipa rimwe izwi riri mudima rinoreva zvimwe chetezvo neanotevera:
- (i) pachivara [1]
 - (ii) kuvhiringa [1]
 - (iii) vaifara [1]
 - (iv) rudzi [1]
- (e) Nyora pfupiso yenyaya iyi uchishandisa mazwi ako pachako asingadariki **makumi mashanu.** [10]

BVUNZO 2**PAPER 2****Nguva:** Maawa maviri**CHIKAMU I: ZVIRUNGAMUTAURO**Pindura mibvunzo **miviri** kubva muchikamu chino.

1. Mazwi anotevera anonyorwa zvakafanana asi achireva zvinhu zvakasiyana. Sarudza **mashanu chete**, ugoumba zvirevo zviviri zvinoreva zvakasiyana paizwi roga roga rawasarudza.

Muenzaniso: Doro**Mhinduro:** (i) Tendai akatenga doro rakawanda nezuro.

(ii) Ambuya vamukira kunodzinga shiri kudoro remupunga.

- (a) gota
(b) rara
(c) dura
(d) rima
(e) guru
(f) bara
(g) rinda

[5]

2. Zadzisa zvirevo izvi neenzaniso yakakodzera. Sarudza zvirevo **zvishanu chete**.

Muenzaniso: Tarisai pakufamba _____ chairo.**Mhinduro:** Tarisai pakufamba idzvatsvatsva chairo.

(a) Mazino aChenai _____ chaiwo pakuchena. [1]

(b) Takura _____ pakurwa. [1]

(c) Mwoyo wake _____ chairo kuoma. [1]

(d) Ruvheneko _____ chaiyo parunako. [1]

(e) _____ pakukara nyama. [1]

(f) _____ chairo pakukanganwa. [1]

(g) Tarusenga _____ pakuba zvinhu zvevamwe. [1]

[5]

3. Nyora tsumo dzinoreva zvakafanana nedzinotevera. Sarudza **shanu chete**.

Muenzaniso: Mbudzi kudya mufenje hufana nyina.**Mhinduro:** Gavi rakabva kumasvuuro.

(a) Chara chimwe hachitswanyi inda. [1]

(b) Mwoyo muti unomera paunoda. [1]

(c) Reva ishe wakakwira pachikomo. [1]

(d) Muzivi wenzira yaparuware ndiye mufambi wayo. [1]

(e) Akanga nyimo avangarara. [1]

(f) Kabva muzai kava kashiri. [1]

(g) Mweni haaiswi mudura.

[1]

[5]

4. Nyora manhamba anotevera neChiShona chakanaka.

Muenzaniso: 27

Mhinduro: Makumi maviri nenomwe.

(a) Mbudzi dzake 2240.

(b) Vanhu vakafa nechirwere chedzihwamupengo vanosvika 3 000 000.

(c) Akatenga chingwa che\$7,00.

(d) Masoja akaburuka mumarori aiva 120.

(e) Vanhu vaive pamuchato vaisvika 1000.

(f) Akahwina rotari ye\$884 000.

(g) Akabvisirwa \$100 paakaroorwa.

[5]

CHIKAMU II: MISAMBO YEMUTAURO

Pindura mubvunzo unotevera.

5. (a) Kubva pamashoko anotaurwa kana vanhu vachibata maoko, doma matatu.

[3]

(b) Nyora zvinhu zvitatu zvinoitwa navanhu vauya parufu.

[3]

(c) Vanhu vemakore ano havachapi rufu chiremera charwaipihwa kare. Ratidza zvinhu zvina zvasiyana nendufu dzakare.

[4]

[10]

CHIKAMU III: MAUMBIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo mitatu chete kubva muchikamu chino.

6. Nyatsoongorora mazita anotevera ugopindura mubvunzo unotevera uri pazasi pawo

| | | | |
|------------|--------|----------|-----------|
| tezvara | chisi | seri | hwana |
| ruoko | ziso | chembere | chipo |
| rwendo | guyo | huni | Kuda |
| hwema | mberi | chanza | kunyarara |
| changamire | kuneta | churu | |

Isa mazita ari mumupanda mumwe chete pawo oga. Ita izvi kusvikira wapedza ose.

[10]

7. (a) Doma zita rechidudzirazita chimwe nechimwe chiri pazasi.

(i) zvose

[1]

(ii) rupi

[1]

(iii) vazhinji

[1]

(iv) chii

[1]

(v) vanoba

[1]

- (b) Uchishandisa zvidudzirazita zviru pamusoro semienzaniso, tsanangura maumbirwo echidudzirazita choga choga chine zita rawadoma. [5]

[10]

8. Muzvirevo zvinotevera mune zviito zvakarebeswa.

- (a) Ndakavaona vachitukirirana patsime. [2]
 (b) Akapetenura mupendero wenguwo yake. [2]
 (c) Akabatwa achiba. [2]
 (d) Nzungu dzambuya dzakadyarururwa nemuzukuru wavo. [2]
 (e) Chawawana batisisa mudzimu haupe kaviri. [2]

Zvino iwe chipa:

- (i) mudzi wechiito.
 (ii) rebeso dzacho.
 (iii) zita rerebeso yoga yoga.

[10]

9. Chiito choga choga chine mutsetse pazasi chiri mudonzvo ripi?

- (a) Tsvagai chokwadi. [2]
 (b) Tikabatana tingakunda. [1]
 (c) Shandai nesimba mubudirire. [1]
 (d) Pakisimusi tichange tichifara. [1]
 (e) Vanoverenga yachabudirira. [1]
 (f) Takachema tikanyarara. [1]
 (g) Mwana ava kugara. [1]
 (h) Anofamba sedzvatsvatsva. [1]
 (i) Ngatinyorei bvunzo tinerere. [1]

[10]

BVUNZO 8**PAPER 1****Nguva:** Maawa maviri**RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO**

Pindura mibvunzo yose.

Mibvunzo yose inofanira kupindurwa neChiShona chete.

CHIKAMU I: RONDEDZERO

1. Sarudza musoro **mumwe chete** pane yose yakapihwa. Chinyora rondedzero yemhando yawasarudza nemazwi ari pakati pe**450** ne**500** kana kusvitsa mapeji **mana**.
 - (a) Upfumi hwenyika huri muvhu. [50]
 - (b) Nyora tsamba kushamwari yako iri kudzidza iyo yakawirwa nedambudziko rekufirwa nevabereki vose uchiipa mazano angaibatsire. [50]
 - (c) Nyora nyaya inodudzira tsumo yokuti, “Chenga ose manhanga hapana risina mhodzi.” [50]
 - (d) Nyora hurukuro pakati pevasikana vaviri vari kukakavadzana pamusoro pekukosha kwatete mumhuri. Mumwe anoti, tete vakakosha mumhuri mumwe achiti, vanatete vemazuva ano ndidzo dzave mharadzi. [50]
 - (e) Barika [50]
 - (f) Nyora nyaya ine mashoko okuti, “Kubva zuva iri akazoziva kuti hama hadzitsvinyirwe.” [50]
 - (g) Uri mukuru wedzidzo anotungamirira zvikoro zvakati wandei mudunhu renyu. Nyora mhan'aro kugurukota rezvedzidzo uchitsanangura matambudziko akaunzwa nechirwere checovid-19 kuvana nekudzidzo yavo uye uchipawo mazano ekuti matambudziko aya angatapudzwa sei. [50]

CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

2. Nyatsoverenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo neChiShona chakanaka.

Tanga akaoneka amai vake oenda kwaVaHaripotse. Akavati anodzoka nokukurumidza kunyangwe zvake aitarisira kuti anogona kunopedza mazuva anenge akati kuti. Pfungwa yakanga iri yokuti akadzamara apihwa kana kuti akadzamara apfurirwa pfumo obva ava museve waenda neuma. Akanga asisadi kudzokera kumusha zvakare.

Akasvika paVaHaripotse achiri mangwanani vanhu vasati vapararira kumishando yakasiyana-siyana. Angoona musha uyu, akabva atanga kufunga nezvaMunjai nokuti paiva pamusha pake asi pamusana pokusviba mwoyo akakurumidza kubvisa pfungwa iyi mumusoro make. VaHaripotse vakataurira vana vavo kuti vanonopedza mazuva vari musango naTanga vachimutsvagira zvaaida.

Vakavaudzazve kuti vakaona vanonoka kudzoka vanenge vaenda kumwana wavo musikana kwavaisimbonopedza mazuva vari. Izvi hazvina kumboshamisa vana vavo nokuti ndiwo aive maitiro avo.

Tanga naVaHaripotse vakarongedza tunhu twavo twavaida. Havana kutora upfu kana chii zvacho chokukanda mumukanwa. VaHaripotse vakatora mapfumo avo maviri, mudonzvo nedaunha. Tanga aive nekapfumo kake kainge komwana mudiki. Vakasimuka havo toro vakananga nekumadzimbahwe. Tanga haana kuda kubvunza kwavaienda akanga achingotevera sehwei. Musi waakatanga kuona kamukuru aka, aifunga kuti hakagoni kufamba asi zvavakanga voenda zvakamushamisa kukaona kohwadaira iwo mudonzvo wakanzi papfudzi dzva. Vakafamba zvokuti Tanga akanzwa makumbo kurwadza.

Zuva rava kuda kunyura, vakasvika pane chimwe chikomo chakanga chiri pedyo nekakova. Vakatura midziyo yavo VaHaripotse ndokuzembera pamuti pfumo riri mumaoko. Tanga akatema musasa, ndokusika moto, pashure akatora chiguchu onochera mvura. Nguva yose iyi, VaHaripotse vakanga vamire zvavo nokuti somunhu mukuru vakanga vaneta. Tanga zvaaienda kutsime nzara yakanga yoruma. Aingofunga zvokuti vanodyei sevanhu vakanga vauya vari maoko. Ichokwadi kuti aisienda musango asi aisienda neupfu. Akachera mvura ndokudzokera kumusasa.

Ava kuda kusvika pamusasa, akaona shumba yaisa makumbo mudenga ichiti rimwe pfumo nepachityu apa rimwe nomumukanwa. Akambofunga zvokuda kutiza asi akanzwa izwi richiti, “Rega zvako kutya.” Akachiti tarisei akaona ndiVaHaripotse. Zvakamushamisa zvikamushayisa mate mukanwa nokuti haana kumbenge afunga kuti kaharahwa kapera zvakadai kangagona kuuraya shumba.

“Unoziva kuti shumba iyi tabva nayo kupi? Tabva nayo kure chaizvo. Nguva yose iyi yanga ichimirira kuti tirivare. Ndokusaka wandiona ndakazendama pamuti nepfumo mumaoko. Zvino waonaka kuti kana uchifamba musango unofanira kungwara. Ndaibaya ichiri kwakadaro uko nepfumo rokutanga asi unoziva kuti shumba ine simba nokudaro yaramba ichiuya. Yazoti yava padyo, ikati yashama muromo nokushatirwa ndokubva ndaiti pfumo nomumukanwa bvo-o ndokuti pasi zhi-i. Zvose izvi ndazviita nokuti ndinonzi Haripotse. Chikuriro changu handisati ndambopotsa mhuka kana kubaya mhuka ikaenda. Unofunga kuti ndakazvarwa ndakadaro? Kwete hazvisi izvo, ndakatodzidza. Vanhu vazhinji vanofunga kuti ndine muti wemudzi. Wangu muti kugara ndichikanda pfumo. Ndinokuudza mwana wasahwira ukanzwa zvandinoreva uchava murume chaiye. Zvizhinji ndichakuratidza kana tasvika kwatiri kuenda.

Ava mangwana, vakafumomukirana narwo rwendo rwavo. Kuzoti zuva rachiti kata, Tanga akanzwa mabvi kurera nenzara nokuti vakanga vavata vasina chavakakanda mukanwa. Mwana akakungura shumba iye yakanga yauraiwa naVaHaripotse.

[Pfumo reropa (1961), naPatrick Chakaipa, Longman]

- (a) Chii chakafambirwa naTanga kwaVaHaripotse? [1]
- (b) VaHaripotse vaive ani wababa vaTanga? [1]
- (c) Ndezvipi zvakataurwa naVaHaripotse zvisina kushamisa vana vavo? [1]

- (d) Nemhaka yei harahwa iyi yakapihwa zita rokuti Haripotse? [1]
- (e) Madimikira anotevera anorevei sekushandiswa kwaakaitwa mundima? [2]
- (i) Vauya vari maoko [2]
- (ii) Kushaisa mate mukanwa [2]
- (iii) Kusviba mwoyo [2]
- (f) Ipa chikonzero chakaita kuti VaHaripotse vazendame pamuti nepfumo mumaoko. [1]
- (g) Ipa tsananguro yemashoko aya sekushandiswa kwaakaitwa mundima: [2]
- (i) museve waenda neuma [2]
- (ii) mumukanwa bvo-o [2]
- (iii) achingotevera sehwei [2]
- (iv) kukaona kohwadaira [2]
- (h) Chii chakaita kuti Tanga anyanyoshamiswa nekuuraiwa kwakaitwa shumba naVaHaripotse? [1]
- (i) Nyora pfupiso yenyaya iyi nemazwi ako asingapfuuri **makumi mashanu.** [10]

BVUNZO 8**PAPER 2****Nguva:** Maawa maviri**CHIKAMU I: ZVIRUNGAMUTAURO**Pindura mibvunzo **miviri** muchikamu chino.

1. Sarudza madimikira **mashanu chete** ugoumba zvirevo zvinoburitsa zvaanoreva.

Somuenzaniso: kudya magaka neminzwa yawo**Mhinduro:** Taruza akadya magaka neminzwa yawo paakabata murume wake nechifeve.

- (a) kurova guva [1]
 (b) kushaya mbereko [1]
 (c) kutsindira mwena unobuda ishwa [1]
 (d) kuseura gotsi [1]
 (e) kukanda tsoka [1]
 (f) kufambira dhongi rakaora [1]
 (g) kudzika midzi [1]

2. Mutauro weChiShona une nzira yekudimikira uchirerutsa zviitiko zvakasiyana zveupenyu kana kuita kuti zvitaurike zvine mutsigo. Nyora mashoko anoshandiswa pakurerutsa zviitiko zvakadomwa pasi.

Muenzaniso: kusazvara mwana**Mhinduro:** kushaya mbereko

- (a) kuzvara mwana [1]
 (b) kufa [1]
 (c) kuva nenhumbu/mimba [1]
 (d) kusvodza [1]
 (e) kuchembera [1]
 (f) kupenga [1]
 (g) kurwara [1]

3. Kubva muzvirevo zvinotevera, nyurura nyaudzosingwi dzakashandiswa. Nyurura **shanu chete**.

- (a) Ndakati dzvutei maheu ndokunokora mutakura waive muniro. [1]
 (b) Paakangoti fambe fambe akaita mahwekwe nenzou. [1]
 (c) Pamba pavo paive pakanzi gonhi dhwa-a. [1]
 (d) Chidhakwa chakati kochono gedhi ndokudzadzarika naro. [1]
 (e) Bere rakati huwi-i kumatanga emombe tikavhunduka. [1]
 (f) Paakaona nyoka ichiti pindikiti mumwena hana yake yakarova. [1]

- (g) Akati cheu kutarisa kwaibva ruzha ndokutanga kumhanya. [1]
[5]
4. Sarudza tsumo **shanu** kubva pane dzinotevera, zvino chitsanangura zvinoreva imwe neimwe yawasarudza.
- (a) Chawawana batisisa mudzimu haupi kaviri. [1]
(b) Chawawana idya nehama mutorwa ane hanganwa. [1]
(c) Ateya mariva murutsva haachatyi kusviba magaro. [1]
(d) Rinonyenga rinohwarara rinosimudza musoro rawana. [1]
(e) Kugocha kunoda kwaamai kwemwana kunodzima moto. [1]
(f) Rine manyanga hariputirwi mumushunje. [1]
(g) Kakara kununa hudya kamwe. [1]
[5]

CHIKAMU II: MISAMBO YEMUTAURO

Pindura mubvunzo unotevera.

5. Tavarwira paakasvika patsime, mwoyo wake wakanyevenuka paakaona Rudo. Akakumbira mvura yokutuvidza nyota yake. Rudo akachera nemukombe ndokumupa achipfugama. Tavarwira akazosvitsa shoko rerudo, asi Rudo akatsika madziro. Akazotaurira Tavarwira kuti kana airevesa mashoko ake, aifanirwa kuzotevera kwatete vake VaMuchazvidii.
- (a) Kubva pachindima ichi, doma musambo wekutura washandiswa. [1]
(b) Ndevapi vamwe vanhu vaibatsira panyaya dzekupfimbana kunze kwegwevedzi? [3]
(c) Doma nzvimbo yaisangana vakomana nevasikana pasichigare. [1]
(d) Doma unhu nemaitiro aRudo anoyemurika pamusambo uyu. [2]
(e) Tsanangura musiyano wavapo padzvetsva ranhasi nerepasichigare. [3]
[10]

CHIKAMU III: MAUMBIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **mitatu chete** kubva muchikamu chino.

6. Kubva pamadzitsi anotevera, nyora mazita ari mumupanda yakapihwa.
- (a) -endo 10
(b) -sikana 5
(c) -ana 11
(d) -shasha 14
(e) -seri 16
(f) -ando 3
(g) -bhora 17
(h) -mba 9
(i) -tura 13
(j) -iso 6

| | | |
|-----|-----------|----|
| (k) | -chembere | 5 |
| (l) | -tongo | 21 |
| (m) | -famba | 15 |
| (n) | -nyoka | 9 |
| (o) | -dya | 15 |
| (p) | -goti | 4 |
| (q) | -eni | 1 |
| (r) | -ino | 6 |
| (s) | -uru | 8 |
| (t) | -pasa | 12 |
| (u) | -rume | 19 |

[10]

7. Nyatsoverenga chindima chiri pazasi ugopindura mibvunzo inotevera.

Gona ana gona wakewo. Iyi itsumo yakagara iriko kubva kare. Vakuru vedu vakaishandisa kutsanangura kuti shasha inogona kuwana imwe shasha inoikurirawo. Ndiwo magariro saka vanhu vazhinji gatigare tichiziva izvi muhana dzedu mazuva ose.

Kubva muchindima ichi, ratidza zvinotevera:

- | | | |
|-----|------------------------------|-----|
| (a) | zvirevamwene zviviri | [2] |
| (b) | zvindori zviviri | [2] |
| (c) | zviratidzi zviviri | [2] |
| (d) | zvipauro zviviri | [2] |
| (e) | zita romupanda 9 rimwe chete | [1] |
| (f) | chirevauwandu chimwe chete | [1] |

[10]

8. (a) Nyora zvirevo **zvitanhatu** zvine rebeso dzakasiyana uchishandisa chiito **-gara**. [6]

(b) Kubva pachiiro **vakadyarurura** ratidza zvinotevera:

- | | |
|-------|-----------------|
| (i) | mudzi wechiito |
| (ii) | rebeso yechiito |
| (iii) | zita rerebeso |

[4]

[10]

9. Nyora zvirevo **zvishanu** uchishandisa zvidudzirazviito zvinotevera:

- | | | |
|-----|-------------------------|-----|
| (a) | cheudzamu | [2] |
| (b) | chemuiti | [2] |
| (c) | chefanano | [2] |
| (d) | chenguva | [2] |
| (e) | chekombo chakashandiswa | [2] |

[10]

MHINDURO

WEDZERA GADZIRIRO YEBVUNZO PAMISAMBO

1. (a) Chitorwa.
(b) Aitsvaga nzvimbo yepekugara.
(c) Anobvunza nzira yekuenda kumusha wasabhuku.
(d) Ishe/ sadunhu/ mambo.
(e) Mamepu/ chiratidza nzvimbo chepamafoni (GPS)/ kambasi.
(f) Anovakwazisa.
2. (a) Vabati/ vabasa.
(b) Pamusoroi.
(c) Makorokoto/ machena.
(d) Nzira dzarwa.
(e) Vadzimba/ hombarume.
(f) Dzenyama chirombowe.
(g) Chishava pavarume.
(h) Titure.
(i) Vemakore.
(j) Hero gupuro.
3. (a) (i) Chiroora
(ii) Mutauro: maiguru/mainini
Mushakabvu: babamudiki/
babamukuru.
(iii) Kusakura kumakuva/ kubika/
kunemera/ kutsvaira nzira
inoenda kumakuva.
(iv) Kuvaraidza vafi/ kurerutsa rufu.
(b) (i) Kusekerera munhu achibata
maoko.
(ii) Kuchema/ kudemba/ kupa
mashoko okunyaradza vafirwa.
4. (a) (i) Chizukuru.
(ii) Chiramu.
(iii) Chinyarikani.
(iv) Chivhevghano.
(v) Chinyarikani.
- (b) (i) Sekuru nemuzukuru.
(ii) Babamukuru nemuramu/mainini.
(iii) Vagarisani.
(iv) Mukomana nemusikana vari murudo.
(v) Mutongi wedare nemupari wemhosva.
5. (a) (i) Godo/ ruvengo/ ruchiva/
kukara/ barika/ kushomeka
kwezvokushandisa.
(ii) Kutungamidza rudo pane
zvose/ kuremekedzana/
kupanana mikana pakutaura/
kuremekedza kodzero/ kuwana
dzidziso pamusoro pekugarisana
kwakanaka.
(b) (i) Kuombera/ kuuchira.
(ii) Kuvakwazisa.
(iii) Kusimuka wopa vakuru
pekugara.
(iv) Kubva panzvimbo igere vakuru
vachikurukura.
6. (i) Kuganza kunoita mainini/kunemerana/
kusvotesana/ kusekana.
(ii) Pasichigare chiramu chaive
chekutandadzana, kupanana mazano,
kutsiurana pamaitiro akashata uye
change chisina bonde asi nhasi
uno chave kupfurikidzisa mwero
zvokusvika pakuenda pabonde.
(iii) Yainge yakanaka pakuti yaisimbisa
ukama/ kupa mukana wekupangana
mazano mukutamba.
Yainge yakaipira pakuti vamwe
varume kana vakadzi vaitora mukana
vobva vaita zvebonde nevaramu.

7. (a) Chinyarikani.
 (b) Mitupo nezvidawo.
 (c) Mutupo: Gumbo.
 Chidawo: Madyirapazhe.
 (d) Kusimuka achitaura zvinyadzi
 zvavakanga vaita pane vanhu/
 kuchema/ kusabata zvairehwa nababa
 vake.
 (e) Vamwe vava kugadzirisana
 semhuri pasina kuendesana kudare/
 kuendesana kumatare edzimhosva
 ekuti murume abvise mari yekuriritira
 mwana/ kugadziriswa nevafundisi
 vekereke kana vakuru vekereke.
- (iv) Minda yavakanzi vachapihwa.
 (d) Kupopota/ ruzha/ hashha/ rudo rwega/
 bishi/ bongozozo/ mheremhere/
 mitsara/ hashha bedzi/ mabvumira/
 mahon'era/ tsumo/ madimikira.
 (e) (i) ruzha.
 (ii) mudonzvo.
 (iii) kubhadhara.
 (iv) mhosva.
 (f) Kuvhara kwekambani nekuda
 kwekuoma kwezvinhu/ kuwanda
 kwavanhu vane dzidzo yepamusoro
 zvisingaenderani nekukura
 kweupfumi hwenyika/ kusarudza
 mabasa.
 (g) Pfupiso

BVUNZO 1: PAPER 1

CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

2. (a) Sekuru vari kumakura vari
 kunyunyuta nekuda kwekusauya
 kweivhu ravakavimbiswa/ amai vari
 kurwadziwa nekuda kwekurwara
 kwemwana wavo/ mukoma vari
 kushaiwa basa mushure mekunge
 vapedza dhigirii payunivhesiti/
 pfambi inokuvara ichitiza mapurisa
 uye kurohwa nechikomba chichiramba
 kubhadhara/ muchairi wekombi
 anoverenga mari achiteerera rwiyo
 achimhanyira chingwa kuchiteshi/
 mupurisa ari kutsvaga kuita huori
 pamugwagwa/ kutaura navanhu/
 munhu asingaoni uyo asisiri kupihwa
 rukudzo mumabhazi/ ndini newe
 (munhu wose).
 (b) Gwe, gwengwendere, gwedebu.
 (c) (i) Kugara nguva refu wakamirira
 chimwe chinhu.
 (ii) Kuondoroka nekurwara.
 (iii) Kutaura zvakananyisa.
- mudetembi anotsanangura
 zvaanoti inhetembo nezvisiri
 nhetembo.
 – zvanzi nhetembo hadzisi ruzha,
 bishi, hashha, rudo kana mitsara
 – hadzisi zvirungamutauro.
 – hanzi nhetembo zvinhu.
 zvisingaonekwe kana.
 kunzwickwa navazhinji.
 – dziri pamusoro pevakegura
 vane tariro isina kuzadziswa.
 – dziri pamusoro pekurwarirwa.
 – dzinotaura pamusoro pedzidzo.
 – dziri pamusoro pekushaikwa
 kwemabasa.
 – dzinotaura nezvemagariro
 mudhorobha kusanganisira
 pfambi nevatyairi vemakombi.
 – dzinotaura nezvehuori
 hwemapurisa.
 – dzinotiudzazve
 nezvekusaremekedzwa kwevane
 urema.

BVUNZO 1: PAPER 2

CHIKAMU I: ZVIRUNGAMUTAURO

1. (a) Dindingwe rinonaka richakweva rimwe kana rokweviwa roti mavara angu azara vhu.
 (b) Kure kwegava ndokusina mutsubvu.
 (c) Mhembwe rudzi inozvara mwana ane kazhumwi.
 (d) Mbeva zhinji hadzina marise/mashe.
 (e) Nyoka huru haizvirume.
 (f) Tsuru haipone rutsva kaviri.
 (g) Gudo guru peta muswe kuti vadiki vakutye/ Charovedzera charovedzera gudo rakakwira mawere kwasviba/ Chinokura chinokotama musoro wegudo chave chinokoro.
2. (a) Munhu ane makaro.
 (b) Munhu akareba uye akasimba zvikuru.
 (c) Munhu anoswera ari mumba.
 (d) Munhu anoda madzimai zvakanyanya.
 (e) Munhu anogara akarongedza mbatya dzake achitarisira kufamba.
 (f) Munhu anoswera achingofamba
 (g) Munhu anopa zvikurusa/ munhu asinganyimi.
3. (a) Kusanyara zvikuru.
 (b) Kupopota zvikuru.
 (c) Kuteerera zvikuru.
 (d) Kutarisira chinhu.
 (e) Kukumbira kumunhu asina chaanacho.
 (f) Kufa.
 (g) Kuvengana zvikuru.
4. Munyori ngaanyore ndima yaanozvifungira pachake. Akasanyora ndima akanyora zvirevo anenge akanganisa.

Muenzaniso wezvinganyorwa nemunyori:

Tarisai akaramba akati nde-e kutarisa amai vake avo vaive nechiso chakati unauna nekuda kwekunyimwa mari yechikwereti chavo chaiva namai Tapiwa. Mai Tapiwa vakazongoerekana vati nenzira tande vakananga kwamai Tapiwa. Vachisvika pagedhi repamba pamai Tapiwa vakangoti tomu padanda raivapo ndokupinda muchivanze.

Akabva ati ziro kunyarara ari mundangariro dzake oga, akangoerekana ati mhare kwetsu. Pasina nguva akazongoti simu ndiye toro nenzira asina waambooneka.

CHIKAMU II: MISAMBO YEMUTAURO

5. (a) Chivhevhanu/ chipfimbano.
 (b) Kunyemwerera/ kukwazisa/ kunyara nekumuyemura/ kutaura mashoko erudo/ kuimba.
 (c) Kutuma gwevedzi/ kunyora tsamba/ kupotera kuna vatete kana mbuya vaMarwei.
 (d) Kutsime/ kuhuni/ kumitambo yemanheru yejenaguru/ kunhimbe kana kumajakwara.

CHIKAMU III: MAUMBIRWO EMUTAURO

6. (a) (i) **mu-** wemupanda 3 ndewemazita ezvinhu zvakarebenuka sokuti, mugwagwa, munda, uye muti Unodomawo mazita emiti sokuti: mushanje, mutiti, mutohwe. Unorevazve midziyo sokuti: mugoti, musika, mubato. **mu-** wemupanda 18 unoreva mukati menzvimbo kana mukati mechinhu, sokuti: mugomo, mumba, mumunda, mumugoro.

- (ii) **va-** wemupanda 2 unoreva uwandu hwemazita emupanda 1 uchipa mazita evanhu kana mabasa evanhu, sokuti: vakoti, vana, vasikana, vaeni, vadzidzisi.
va- wemupanda 2a unoreva ruremekedzo kuvanhu, sokuti vatete, vatezvara, VaMawarire.

- (iii) **ku-** wemupanda 15 unoreva zviito, sokuti: kufamba, kuba, kugara, kuvata.
ku- wemupanda 17 unodoma nzvimbo, sokuti: kuHarare, kuChinhoyi, kumba.

(b) Zvivakashure zvakafanana

Mazita ane zvivakashure zvakafanana anopinda mumupanda mumwe chete, sokuti:

- ma- + -iso (6)
 ma- + -zai (6)

Kureva zvakafanana

Mazita anoreva zvakafanana anopinda mumupanda mumwe chete, somuenzaniso:

- mazita ose emumupanda 1 anoreva munhu mumwe chete, sokuti: murume, musikana, mwana.
 Mazita emupanda 15 anoreva zviito, sokuti: kudya, kufamba.
 Mazita emupanda 17 anoreva nzvimbo, sokuti: kure, kumba, kuchikoro.

Sungano yeuwandu neushoma yakafanana

Mazita ari muushoma anopinda mumupanda mumwe chete, kana azoiswa muuzhinji anopindazve

mumupanda mumwe chete sezvinatevera:

| Ushoma | Uzhinji |
|---------------|----------------|
| murume (1) | varume (2) |
| musikana (1) | vasikana (2) |
| mugoti (3) | migoti (4) |
| muti (3) | miti (4) |

Sungawirirano yakafanana

Mazita ane sungawirirano yakafanana anopinda mumupanda mumwe chete, sokuti:

- Mombe dzadya mumunda. (10)
 Mbudzi dzapinda mudanga. (10)
 Gore rinouya rinoratidza kujeka. (5)
 Guru randadya rinonaka. (5)

7. (a) Chiratidzi chepedyo uye chisazitasingwi chemupanda

| Chiratidzi chepedyo | Chisazitasingwi chemupanda |
|----------------------------|-----------------------------------|
| ichi | itwo |
| urwu | irwo |
| aya | imo |
| iyi | ipo |

- (b) Maumbirwo echiratidzi chepedyo
 Chitsigisi + Chiratidzamupanda
 i- -chi
 i- -ri

Maumbirwo echisazitasingwi chemupanda

| Chitsigisi | Chiratidzamupanda | Nzvovera /-o/ |
|-------------------|--------------------------|----------------------|
| i- | -tw- | -o |
| i- | -m- | -o |

8. (a) ndousinayo, inyanzvi, ndiyo.
 (b) hombarume, mhuka, tsumo, nyanzvi
 (c) vazhinji, muuya.
 (d) munoendwa, inotsanangurwa, anokwanisa
 (e) wepwere.

9. Munyori ngaanyore zvirevo zvinoburitsa rebeso dzapihwa muChiShona chakanaka sezvintevera:
- (i) Akamurovera mwana wake.
 - (ii) Simba naTinashe vakabatana maoko.
 - (iii) Munda wavo wakarimwa.
 - (iv) Ndaitya kutyaira motokari Tendai akandishingisa.
 - (v) Mutunhu uyu unomhanyika.
 - (vi) Amai vanditukira kunonoka kubva kuchikoro.
 - (vii) Tichadyarurura chibage chakaramba kumera magwana.

BVUNZO 2: PAPER 1

CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

2. (a) VaMandisema naVaMarwira/murume nemudzimai wake.
- (b) Kupondwa kwemwana wavo/ kutsvinyirwa nevakauraya mwana wavo/ kusagadziriswa kwenyaya yekufa kwemwana wavo padare
- (c) (i) Vakanga voda kupihwa mhosva ivo
- (ii) Munhu haarambe achipunyuka pamhosva dzake.
- (iii) Kuroora kana kuroorwa guva remufi risati rarohwa.
- (iv) Vakamuuraya/vakamuponda zvinorwadza.
- (v) Kumbozorora kutaura.
- (vi) Pane zvinovakanganisa maitiro kana mafungiro/ pane mweya wakaipa unoita kuti vaite zvakaipa.
- (d) (i) dare
- (ii) kujanyangura
- (iii) vachipembera
- (iv) dzinde

- (e) Pfupiso
- VaMarwira naVaMandisema vari kukurukura pamusoro pemwanasikana wavo akapondwa.
 - Mashiri ndiye akanga akamuroora.
 - Mashiri anovatsvinyira mhuri yaanga akaroorera.
 - nyaya haina kuenda kudare kuti igadziriswe.
 - Mashiri anoda kuroora mumwe mudzimai guva risati rarohwa.
 - vabareki vemufi havafari nazvo.
 - vari kutsidza kuomesera mashiri nezvaari kuvaitira.

BVUNZO 2: PAPER 2

CHIKAMU I: ZVIRUNGAMUTAURO

1. (a) Tarisai akabva kubuda mugota mwedzi wakapera. Tarisai amukira kugota moto nokuti kwanga kuchitonhora.
- (b) Nhonga rara iro ukande mugomba. Rara zvakanaka usaite mavato.
- (c) Mudura masara tuzviyo tushoma. Mbuya vake vadura kuti vanoroya.
- (d) Nhasi kunze kune rima. Rima ukohwe ugowana chokudya.
- (e) Atenga dhirezi guru. Nhasi manheru tiri kudya neguru. VaMutasa vane guru, mukadzi wechipiri akauya mwedzi wapera.
- (f) Abara mwana musikana. Bara repfuti rakapferenyura pagumbo reshumba.
- (g) Rinda makudo asadya mumunda. Rinda rasekuru vangu rakavakirwa mwedzi wapfura.